PANGAOS LANGGANAN:
Sasasih . . . . . . . f 1.50
Sakwartaal . . . . . f 4,50
Artosna ti pajoen.

PANGAOS ADVERTENTIE
Tiasa badanten sareng Administratie

Agent: Publiciteitskantoor „De Globe" Rijswijk, Batavia-Centrum
Ditjitak koe Drukkerij „ECONOMY"

SAPTOE 3 FEBRUARI 1934 — 18 SAWAL 1352 — No. 27 — TAOEN KA II.

# Sinar Pasoendan

Directeur: ALI RATMAN
Hoofdredacteur: IMBI DJAJA KOESOEMA

KANTOOR:
REDACTIE & ADMINISTRATIE:
Oude Kerkhofweg No. 16
Telefoon No. 444 — Bandoeng

BIJKANTOOR:
Krekot 27-29 - Telefoon 5862
Batavia-Centrum.

Dikaloearkeun koe Uitgevers Mij. „Sinar Pasoendan" di Bandoeng.

## Naekkeun bajaran sakola di Inl. Standaardscholen.

SOERAT kabar Java Bode ngoewarkeun bedja jen geus aja kapoetoesanana, jen bajaran sakola pikeun Inl. Standaardscholen anoe diajaan pangadjaran basa Walanda djeung bajaran Inl. Meisjesscholen baris ditaekkeun.

Dina djaman ieu, djaman sagala dikoerangan patali djeung euweuhna doeit, geus tangtoe bedja saroepa kieu teh lain bae matak kaget, tapi oge matak ngadjadikeun perhatian anoe penting pisan, moenggoehing pikeun sakoemna bangsa oerang mah, sabab pakia-kia djeung kaajaan noe keur dirandapan. Noe djeneng ditoeroenkeun gadjihna, noe koeli dikoeroedan boeroehna, patani njaeutikan pangasilanana, toer maroerah hargana sagala saroepaning tatanemanana, karikari ari kawadjiban pikeun bajaran sakola kalah ditambahan.

Tah lebah dieu asa pakiakiana teh.

Ari pangasilan diwadjibkeun koedoe naraek, saladrah dikoerangan, ari kawadjiban bajareun disina nambahan. Papada ngajakeun karikrikan, atawa neangan saroepaning hoeloewotan geusan nambahan eusina Kas Nagara teh, tangtoe pisan noe perloe deui dimanah ajana „kaadilan", malar beres roès ajana katengtreman djeung kasoegemaan hate sakoemna ra'jat di oerang. Moal pati-pati Pamarentah ngadamel heula Commissie-Van Buuren, anoe naloengtik njieun rarantjang H.B.B.L. lamoen andieunna henteu ngaherong kana kaadilan mah. Sabab da kapan koe Pamarentah koe andjeun ge bisa dipoetoeskeun sanalika bae, rek dikoerangan atawa ditaekkeun saroepaning gadjih mah. Tapi njaeta tina ngaherong „adil" tea, kaloehoengan djenengan Nagara anoe dipambrih, samemeh diajakeun pangoerangan gadjih teh, geuning disasar heula, dipariksa heula, ditaloengtik koe ahlina, toer dibadamikeun di sagala Raad noe dieusi koe wawakilna ra'jat. Taja lian noe dipambrih ngan . . . . kaadilan.

Kari-kari ajeuna, bet djol prak bae bajaran sakola sina naek. Ari pangasilan sina toeroen.

Anoe matak moenasabah pisan Djrg. Prawoto, lid Volksraad geus „ngasongkeun pataroesan tina ieu pasal naekkeun bajaran sakola teh ka Pamarentah anoe eusina kira-kira kieu:

I. Lamoen enja eta bedja teh (rek naekkeun bajaran sakola tea), naha Pamarentah henteu kagoengan raos jen eta atoeran teh henteu sae, babakoena patali djeung ditoeroenkeunnana gadjih-gadjih ambtenaren, sedeng kapan onderwijs teh katjida perloena pikeun kaoem middenstand djeung prijaji-prijaji noe laleutik?

II. Djeungna deui naha Pamarentah henteu ngaraos jen naekna eta bajaran sakola teh saroea djeung hidji contingenteering [perwatesan] anoe samasakali henteu beralesan?

III. Naha koe Pamarentah henteu kamanah, jen koe ajana eta atoeran, bisa ngadjadikeun madjoena sakola-sakola partikoelir anoe goeroena henteu boga hak ngadjar, atawa noe goeroe goeroena samasakali djelema anoe koedoe dilarang ngadjar?

VI. Sareng naha eta atoeran teh henteu didjalankeun dina ngamimitian cursusjaar (Juli 1934)?

Sakitoe pertanjaan-pertanjaan djrg. Poerwoto anoe diasongkeun ka Pamarentah tina pasal ditaekkeunnana bajaran sakola teh.

Teu beda ti wangwangan oerang.

Koe kitoe tea mah, leuheung meueus anoe ngan oekoer dikoerangan gadjihna, naradjang anoe samasakali dieureunkeun pisan tina gawena, saperti anoe diwachtgeld atawa meunang onderstand mah, kapan keur majar sakola anoe ajeuna oge, geus ampir lat-latan.

Loba baroedak anoe disina balik lain waktoena, lantaran geus aja 2 — 3 boelanna tatjan malajar sakola.

Atoeh komo deui lamoen di taekeun pisan mah.

Pamarentah teh ngadjaga soepaja onderwijs pikeun baroedak oerang loejoe djeung noe diherong koe Nagara. nepi ka kapan ngajakeun „wildescholenordonantie" ge taja lian djero djerona maksoed mah ngan soepaja pangadjaran baroedak loejoe djeung kahojongna Pamarentah.

Kari-kari ajeuna, koe ajana eta atoeran mah, siga sabalikna pisan. Sabab ra'jat dibere kalonggaran soepaja juist tambah ngalobaan sakola anoe karitoe teh, da kapaksa tea, lantaran rek ka sakola Goepernemen mahal teuing piongkoseunana.

Noe matak — tjeuk oerang — poetoesan saroepa kitoe bisa ngaroeksak kana kaloenggoehan Pamarentah keneh.

Oerang toenggoe bae, koemaha engke djawabanana kana ieu pertanjaan ti Djrg. PRAWOTO tea.

## Mr. Muhamad Yamin — Sinar Pasoendan

Dina Sin. Pas. tg. 31 Januari 1934 geus dipedarkeun soerat kirimanana Mr. Muhammad Yamin, njakitoe deui katerangan ti Redactie. Bisa ajeuna dilenjepan deui.

Patali djeung ieu toelisan, roepana njoetat tina toelisan Bint. Timoer, doea tiloe soerat kabar tetep njeboetkeun jen eta toelisan asalna ti Sinar Pasoendan.

Koe sab eta ieu dihandap diterangkeun deui anoe leuwih terang, koemaha noe matak aja pakabaran noe saroepa kitoe.

Hoofd Redacteur Sin. Pas. dina hidji powe meunang tjarita atawa leuwih terang dibedjaan koe djrg. Parada Harahap, Hoofd Red. Bint. Tim. jen Mr. Muhammad Yamin kitoe . . . . . . kitoe . . . . njaeta hidji tjaritaan perkara kaajaanana Mr. Yamin noe geus dibantah koe Mr. Yamin sorangan, jen eta teh teu bener.

Sanggeusna Hoofd Redacteur Sin. Pas. meunang eta tjaritaan, henteu gantjang disebarkeun, tapi sabisa-bisa rek ditalengteng heula bener henteuna eta bedja, sarta kabeneran pisan isoekna powe Senen Mr. Yamin datang ka kantor. Harita oge ditanjakeun eta perkara, sarta djawabna samasakali eta tjaritaan teu bener.

Koe sab eta tangtoe eta tjaritaan teu dimoeat dina Sin. Pas. Tapi isoekna Bintang Timoer noelis eta tjaritaan, sarta diseboetkeun jen eta tjaritaan teh ti Sinar Pasoendan, padahal Sin. Pas. henteu ngamoeat.

Koe sab eta Mr. Yamin geus noelis hidji soerat kiriman noe diseboet di loehoer.

Patali djeung ieu perkara Redactie Djawa Barat njieun noot kieu: „Kita pertjaja jang saudara kita akan memboeat perbantahan atas pengchabaran dari Sinar Pasoendan itoe pada masa tidak betoel adanja kedjadian terseboet. . . . .

Sakitoe kakaliroeanana teh.

Toean Red. Djawa Barat!

„Pengchabaran dari Sinar Pasoendan" . . . . ini salah. . . . sebab: SINAR PASOENDAN tidak samasakali moeat itoe perkabaran tentang Mr. Yamin . . . . tapi tjoema memoeat soerat kiriman Mr. Yamin jang membantah Bintang Timoer berhoeboeng dengan toelisan jang termoeat dalam itoe soerat kabar, dalam Sinar Pasoendan. Boleh perhatikan lagi soerat kirimanMr. Yamin itoe.

Hal ini, Collega dari Oetoesan Indonesiia dan Galih Pakoean, jang djoeg menoelis bahwa itoe kabar asalnja dimoeat di „Sinar Pasoendan", diharap memboeat rectificatie, sebab Sin. Pas. tidak memoeat pechabaran sedemikian itoe.

Red. Sin. Pas




— (kenging E. Tamsoe.) —

### Panjakit Orok.

(Zuigeling ziekten.)

Tina leerboek der ziekenverpleging.

Di indonesia, loba pisan baroedak (orok) noe maraot, sabab ngoeroesna koerang beresih, deu disababkeun koe lantaran bangsa oerang teh masih loba noe sieun keneh menta oebar ka doktor komo oerang lemboer mah noe masih djaoeh ka bedoeg kakara ngadenge ketjap doktor ge roepana geus . . . koekoerajeun.

Koe sab eta moegi-moegi paramaos „Sinar Pasoendan" kersa maparin terang hal kasehatan ka anoe masih doesoen keneh.

Sabab saha deui noe baris njaah ka bangsa oerang, kapan bangsana sanes?!

Naha teu njaah oepama oerang meunang berkah ti Goesti, ginandjar anak noe moeloes geulis! kasep! teroes teh ririwit lantaran salah ngoeroes tea, nepi ka hanteuna, koemaha kaoem iboe?!

Biasana bangsa oerang mah lamoen dinasehatan kitoe kieu, jah! abis perkara da geus takdir diri, bagdja awak jen koedoe kieu . . . .

Bener eta takdir tea mah, tapi oerang teh oelah ngan narima TAKDIR ajeung KADAR bae tatapi koedoe ihtiar sangkan tjageur bageur tea.

Kapan aja paribasa: „saha-saha noe ngakal, tangtoe ngakeul oerang teh oelah pertjaja bae ngoekoehan „tahajoel" make boedak gering dipatangankeun sagala oepamina bae ngaran TAMI . . brek gering, toeloej ditoeng koe doekoen, wah tjenah eta orok teh ganti ngaranna soepaja oelah geringan enz.

Toeh! doeloer-doeloer bangsa oerang mah nepi ka kitoena poegoeh-poegoeh boedak njeri beuteung pedah soesoe haseum, hajoh koe „nini Ikrem" di soerahan padjar maneh salah . . . ngaran „teu njana" nepi ka kitoena bangsa oerang mah.

Sabab ieu oge oelah ngan koemaha „Takdir djeung Kadar" bae tatapi koedoe ihtiar, oelah ngoekoehan . . . . „tahajoelisme".

Loba pisan baroedak (orok) noe gering, lantaran:
a. hiroepna onhygienisch.
b. ngadjagana koerang ati-ati.
c. kadaharan [voeding] salah

Hal hygiene bareto geus ditjaritakeun di dieu, saperti: woninghygiene.

Noe garering saperti njeri panon, batoek, salesma, sarena biasa tjampoer bae, nepi ka gampang tepa ka batoer-batoerna, komo ka baroedak mah. Djeung deui di djalma-djalma noe teu boga mah katjida leuwih bahajana oepama popok teu diganti-ganti nepi ka hangseurna.

Karembong noe dipake ngais orok, oge sok dipake njoesoet panonna d. s. t.

Orok sering dimandian di waloengan-waloengan toeloej dibere kadaharan ti waroeng-waroeng.

Aja deui orok noe didot, lamoen indoengna tjageur sabab noeroet omongan-omongan noe sedjen, tjenah „soesoe iboe panas"

Padahal tjinjoesoe iboe noe pangaloesna keur orok mah.

Kadjaba lamoen indoengna maot atawa gering pajah, meunang „dot" tapi koedoe bener-i njampoerna! nakerna!

Loba pisan roepa-roepa panjakit orok, tapi di dieu moal diterangkeun, langkoeng oetama oepama palapoetra teu damang tjandak ka roemah sakit bae atawa ka doktor-doktor.




### Ngalereskeun.

Dina Sin. Pas. dinten kamari ping 2-2-'34 kolom kotta, aja seratan anoe kapalana „naha rek djadi Palagiater?" eta lepat.

Demi kedahna „naha rek djadi Plagiaat [er]."

Koemargi eta moegi ditawakoep. [Corr.]



WEDAK VIRGIN

Bisa nambahan kageulisan; koelit djadi lemes sarta panjakit anoe biasa aja dina beungeut djadi leungtt.

Anoe geus moedji aja 17 dokter.

Geus dipariksa koe 3 Gouvernementslaboratorium sarta meunang 3 certificaat-Analyse.

Tjonto (monster) bisa meunang gratis.

Dimana mana didjoeal.

CUM LIM & Co.
Pintoe Besar No. 32
Batavia

## Landong Soengkawa

DANGDANGGOELA

1. Sedih peurih koe djaman kiwari, kelar njawang ka djaman katoekang, ka baheula ka bareto, Noesa djembar toer 'ma'moer, pasir-woekir hardja basoeki, koenang-koenang dangiang tjitjiren rahajoe, nagara gemah rahardja, abdi-abdi ngeunah sandang ngeunah seuri, adoeh bopomas tiwas.

2. Sedih deui adoeh sedih deui, haleuang teh tjek hawana alam, kaajaan noe rarempon, ras soebah toengtoeng tjatoer, tjatoer djalma noe sisip boedi, sabda djadi tjarita, goemoeroeh soemawoer, oewang itoe poenja keras, biar apa sama wang moesti ja moesti, imoet sadaja-daja.

3. Wareliefde kiwari mah leungit, madjah oega tjan ninggang di mangsa, na naon Alam ieu teh, record ditjekel noe tjoekoep, galingging si miskin mah gering, ieu itoe teu laksana, sok moen bisa lipoer, ibarat noe keuna tjinta, dalah enggeus sarbea tjinta pasini, tapi langka laksana.

4. Mapan geuning bacil tjinta pasti, ngoelajaban sok goreng temahna, djadi miroepa lalakon, hal sedjen ge tinangtoe, kamiskinan memdjelma pasti, poho sieun wani era, iman renghap randjoeg, loeak leok djalan doea, naha pantjeg naha leëh eta misti, hidji ti antarana.

5. Pikeun djalma noe Imanna adil, soemawonna moen koeatna pisan, moal ngabobodo maneh, harta satoengtoeng hiroep, moen paeh mah ngan boëh sidik, boengkoes lajon njatana, njata mandjing koeboer, alam padang poë pandjang, geus di seboet aherat langgeng tjek hadis, sageuj moen rek balangah

Oetoen.

### Laster?

Karangan dina Sin. Pas. lambaran ka II, tanggal 1 Februari 1934 No. 25 noe make djoedoel „Prostitutie?" koe Aid di seboet laster.

Padahal hidji karangan anoe „onschuldig" pisan.

Njela kana salasahidji tintjakna lalaki bangsa oerang, tina tarikna perbawaning tigerat nepi ka kitoena.

Tapi sakoemaha anoe diseboet dina pangangeusanana eta toelisan oge, kapan tjeuk „Don Youan" tjenah:

> Oge, ieu toelisan teh tobat teuing lain pisan rek ngoetjah ngatjeh malar onar atawa nembongkeun kaajaan roemah tangga, tegesna ngadadarkeun kahinaan bangsa sorangan, lain! Tapi koe maksoed mah sabalikna, malar kaoetarakeun ka Pangagoeng, malar andjeunna gantjang nangtajoengan, nepi ka ieu perboeatan teh bisa diomean atawa gantjang leungit.

Djadi ieu mah hidji panoehoen ka noe wadjib, soepaja ditaloengtik bisi enja. Sabab noe kitoe ge kapan kaasoep keneh kana hidji pelanggaran. Batin-batinna mah malah hidji hulp, hidji panerangan kanoe wadjib.

Djaba ti eta, lamoen ajeuna aja bedja dina soerat kabar, oepama bae kieu:

> „Prostitutie teh didjalankeun nana lain bae koe bangsa Inlander, tapi oge koe bangsa Walanda, Tionghoa, Djepang Pendekna di saban-saban bangsa aja prostitutie."

Tah, naha bedja noe saroepa kitoe, oge laster kitoe?

Karangan Don Yuan oge teu beda ti kitoe.

Pirakoe aja Justitie atawa politie make koedoe disesedek heula koe Aid. Lamoen enja manggihan karangan anoe memang ngalanggar atoeran, tanwande politie bersikap sorangan,

Tapi, dina pasal ieu mah atoeh da terang pisan, hidji karangan anoe samasakali henteu ngandoeng harti noe katepi koe harti „laster" noe dimaksoed koe A.I.D tea. In elk geval, het stuk is zeer „ter goeder trouw" geschreven — Red.

### Pihatoer.

Boh koe serat, boh koe djalan lisan, ti saban madhab kalintang seueurna para maos „Sin. Pas." anoe maroendoet kalawan disarengan koe panoehoen, soepados pribados dina implik-implik „Sin. Pas." ngeureujeuh deui mitoetoer galoerna para loeloehoer, medar kanda djaman Boeda, alam Pendawa lilima.

Sewoe sesendoe disoehoen, laksa doedoeka disangga, sok sanesing teu toemoet kana pamoendoet, moeng bae pribados tomada teu tiasa koemambang ka noe miwarang, djalaran teu sempet koe karepotan. Ma'loem . . . .

Moeng bae oepami implik-implik noe ajeuna [Ajaban] parantos tamat dimoeatna, tjoendoek waktoe datang mangsa, pribados kapaksa deui mangoen tjarita, ngawajangkeun lalakon „Bangbang Soetjitra", nja eta babad Tjempaladirdja, njarioskeun saembara Gandamanah noe ngawitan, njembarakeun rakana istri nja eta Dewi Gandawati (iboena Srikandi).

Oepami djalir pikir gadjlig djangdji, dipentog oge pribados teu aja pambenganana, ditampi koe asta kalih . . . .!!!

Hoermatna
Moceh. A. Affandie

### Naha keras teuing?

Poë Djoemaah kamari ddo. 2/1 '34, moerid-moerid H.I.S Tjimahi koelantaran entjan malajar sakola, geus dititah baralik ka imahna sina njarokot doeit bajaran.

Padahal eta antara moerid-moerid kolotna teh aja oge pagaweanana anoe di particulier, dina balajaranana henteu saperti pagawe Gouvernement samemehna tanggal 1 geus narampa, ari particulier mah sok nepi ka tanggal 5 na, komo pensioenan mah.

Koe ajana ieu toelisan pamoegi ka pangoeroes eta sakola, ari nagih bajaran sakola teh, oelah nepikeun ka nitah balik ka moerid, da sanadjan anoe djadi kolotna oge, lain teu merloekeun atawa ngabaekeun, ngan koelantaran entjan narima bajaran, atawa pangasilan. Toch ajeuna teh ngora keneh boelan, kakara oge ddo. 2/2-'34!

### Reana tjatjah-djiwa di kota Bandoeng.

Noeroetkeun bevolkingregister reana tjatjah djiwa noe aja di wewengkon Gemeente Bandoeng, njaeta aja 20493 oerang bangsa Walanda, 17130 oerang bangsa Tionghoa djeung 129160 bangsa Indonesiers, anoe djoemblahna totaal generaal aja 166783 oerang. Eta teh tatjan diitoeng djoemblahna millitairen katoet boedjang-boedjang anoe aja di tangsi anoe koe kira-kira aja 12.000 oerang.

### Instituut Karang-Kapoetran.

Geus teu koedoe dipedar noe pandjang lebar, koemaha goenana djeung naon kaperloeannana sakola pikeun baroedak loeg

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

SORA TI BANTEN.

# Beleid pamimpin Ra'jat, di oerang.

SADAJA tangtoe mara'loem, jen noe djadi pamingpin bangsa oerang teh maksadna mah, bade noedjoe kana kamadjoean, kaamanan sarta kama'moeran anoe mangpaat pikeun ka ra'jat.

Ti pihak Pamarentah memang aja sababaraha golongan paming pin anoe boga hak bade noedjoe kana permaksadan diloehoer, ma lah anoe hak pisan mah koe Pamarentah didjangdjikeun kalawan soempah.

Doepi tjek paningal pribados anoe tjoepet, ajana Pamarentah ajeuna atanapi waktos O. I. C. sarta djaman kasoeltanan ajana atanapi djoemenengna teh koe ajana rajat, njakitoe deui hiroepna kaom kapitaal teh, anoe ngagolangkeun mah rajat-rajat keneh bae.

Geus kitoe galibna moenggoehing di doenja, boh ti pihak noe marentah djeung noe diparentah koedoe bae aja pasalia pikiran, pasalia kahajang enggoning ngagarapna kaajaan noe keur dipandapan.

Ti pihak Pamarentah boh perkara Sociaal, economi njakitoe politiek parantos eukeur-eukeur, rajat teh dibantoen babarengan diadjar ngeujeuk nagara.

Ti fihak pergerakan, kapinteran keur asik dioelik, sanadjan hasilna teu atjan njoemponan oge atanapi rea halangan.

Poegoeh bae oepami ningal abad-abad anoe katoekang bangsa oerang direh koe Pamarentah mah asa katjida teuing bangsa oerang teh kantoena tina bab kamadjengan naon bae, oepami di banding sareng deungeun, pangin ten kamadjengan sarta kamahmoerannana oerang teh teu ngantra ngantra atjan.

Timboel bae pertjaan ka awak pribados, naha atoeh bet kitoe?

Doepi panemoe pribados anoe tiasa djadi lepat, sateuatjanna pa moegi-moegi dihapoenten. Anoe katingal koe lahir sarta boekti sadaja bangsa oerang teu oemoem na pertjaja kana pitoeloeng Pamarentah koe ajana panoentoenna anoe noedjoe kana ka-socialanana sarta ka-economianana rajat, boek ti mana samemeh achli-achli pamimpin pergerakan ka-socialan teh, Pamarentah parantos menerkeun ka-socialan sarta ka-ecomian bangsa oerang anoe boehoen, malar soepaja hade, tjoel-tjel boh sakola biasa anoe noedjoe keur kabatinan, boh keur patanen, patoekangan atanapi djadi kaoem boeroeh, boektina aja sakola kl. II sareng satoeloejna, sakola ambacht doegi ka Technischeschool sarta klein landbouw, ongkoh groot landbouwna.

Njakitoe deui ti fihak pemimpin pergerakan koe pamenta djaman parantos ngawitan ngajakeun roepi-roepi sakola kabangsaan.

Ajeuna mimiti mangga oerang tingal koe katjapanon kajakinan koemaha hasilna sadaja sakola anoe ti fihak Pamarentah pakeun ngabandingkeun adeg-adegan anoe timboel ti fihak rajat.

Sadaja oge meureun moal moengkir henteu bireuk jen pamarentah rek ngamadjoekeun kapinteran ka oerang, nanging henteu djangdji Pamarentah ka oerang bade masihan kaoentoengan anoe raosna piamiseun sarta pimoeljaeun mah, boektina sapertos koe ajana R o e m a h S a k i t. Ngajakeunnana roemah sakit teh Pamarentah njadijakeun rajat bilih aja anoe sakit di tambaan koe pel tea, koe aspirin, koe djalan operatie koe roepa-roepa salep nanging henteu djangdji Doktorna nangtoekeun salawasna ngawitan kaloear ti doegi ka saterasna bakal waras, koemargi eta namina oge roemah sakit sanes roemah waras, tah sakitoe peroepanaannana. Pamarentah mereannana kapinteran roepa-roepa ka oerang anoe kaseboet beleid ti pamimpin fihak Pamarentah teh, doepi isimna masing-masing kapinterannana mah goemantoeng ti awakna hidji-hidji djalma anoe parantos palinter.

Oro kaja koe lantaran kimna anoe palinter ti leuleutik parantos dididik koe sepoehna jen kapinteran teh keur ngala boeroeh bae, toengtoengna anoe boekti ajeuna dina djaman maleseu koe lantaran sotja anoe palinter boh kana naon bae masih keukeuh kana kaom boeroeh teu baoe-baoe kana oesaha pribadi, teu woedoe anoe masih e r a a n kana kalakoean anoe bener ichtiar matjakal sorangan da eta koe bawaning era sarta teu biasa dagang, tani atanapi naon bae anoe pihasileun, roepi-roepina tinimbang ichtiar anggoer pasrah bae ka kadar, narima ka takdir anoe koerang pamikir, toengtoengna moeng djadi L.L. anoe moesafir djiga moerid pasantren.

Pribados jakin asal ketjap kadar takdir oelah teuing diagoeng-agoengkeunana, moestahil koe lahirna kaoela Goesti henteu rachmat, hoeripna di doenja, atoeh soegan bae oepami ketjap papasten henteu dianggo simboet sadidinten mah tiasa loegaj tina alam karendahan ka oerang sanaos henteu soegih koe seueurna radjakaja, atoeh malah mandar tiasa hiroep salamet soegih rachmat, nimat dina panggonan miskin.

Njakitoe deui pamoega-moega Goesti marengkeun oepami bangsa oerang parantos nimat rahmat koe kamiskinan henteu teuing beuki kana kamodelan deungeun, njonto kalakoean deungeun anoe memang roemasa oerang teh koerang modal kasocialan ka economian oerang teh aja hargana lantaran . . . . . .

Tah sakitoe panemoe pribados, henteu pribados mapatahan waliwis ngodjaj, moeng kadjoeroeng koe kahajang diadjar tjoerat-tjaret, moegi dimaaf.

I. K.

---

rang di dieu. Koe, lantaran saeutikna sakola noe diboeka koe Goepernemen, njakitoe deui loba oge sawatara kolot boedak noe teu tjotjog djeung azasna pangadjaran sakola, atawa kabiasaannana mah sanadjan tjotjog djeung pangadjaranana oge, tapi soesah rek bisa asoepna, koe lantaran ari ka sakola Goepernemen mah saperti H.I.S. make dipilih heula sarta milihna noeroetkeun kelas-kelasna noe djadi kolot dsn, ajeuna djoel-djol sakola anoe diadegkeun koe golongan partikoelir. Boeahna diantara sakola-sakola partikoelir loba anoe teu kaelehkeun koe boeah sakola Goepernemen, malah sakapeung mah aja noe poendjoel.

Diantara sakola-sakola partikoelir teh lain bae sakola handap saperti H.I.S., tapi oge sakola midderbaar saperti M.U.L.O. teu katinggaleun oerang partikoelir ngajakeun, sabab memang karasa kaperloeanana. Njakitoe deui pikeun baroedak pisan, tjalon asoep ka sakola handap tea, njaeta Frobelschoolen, teu koerang-koerang disadiakeun.

Di Bandoeng tambahna sakola partikoelir meh oenggal kwartaal, sarta salawasna teu kakoerangan moerid.

Waktoe ieu noe katendjo katjida, malah beunang diseboetkeun l o e a r b i a s a madjoena, toer samasakali henteu siboet njieun reclame atawa propaganda anoe biasa diajakeun koe sedjen sakola njaeta make djalan soerat sebaran, advertentie atawa vergadering, njaeta sakola: INSTITUUT — KARANG — KAPOETRAN noe ajeuna aja di Kapatihanweg No. 4., sarta noe djadi leiderna, Hoofd der school R. Hoezin, hidji goeroe noeroetkeun rapport-raportna lain bae b e v o e g d tapi memang b e k w a a m, tegesna lain bae boga v a k g o e r o e (Eur. Hulp-acte), tapi oge memang b i s a djeung b i a s a mere pangadjaran ka baroedak, njakitoe deui kolot-kolot noe hajang meunang pangadjaran noe sakira perloe.

Nepi ka ajeuna di eta sakola dina waktoe noe sakeudeung pisan geus aja k.l. 280 moerid, nja eta di afdeeling Frobelklas, H.I.S. djeung Schakelklas. Sadjabana ti eta sore djeung peuting aja cursus K.E.

Koe niatna noe djadi Hoofd der school, sarta memang ajeuna keur didjalankeun, isoek pageto dimana moeridna geus tjoekoep lobana, rek ngajakeun afdeeling M.U.L.O.

Moega-moega bae ieu sakola anoe make systeem „d i g a w e„ anoe geus tangtoe djadi „t j a r i t a" atawa „r e c l a m e"-na, sing pinanggih djeung kamadjoean, laksana noe dimaksoed koe kolot baroedak djeung tjita-tjita goeroena.

Saha-saha noe bade ngalebetkeun poetra ka eta sakola, atanapi pikeun koe andjeun, sae soemping sawaktos-waktos ka sakola I n s t i t u u t - K a r a n g - K a p o e t a n bae.

---

### Boentoetna noe sok ngadoe hajam.

Teu ngingetkeun ajeuna djaman paila, djaman tigerat, djaman hese njiar harta [kipajah], tapi ari noe sok adoe-adoean mah djigana teh teu ngingetkeun (euweuh) malaise, da boektina, sakitoe dilarang oge, kampoeng Bbt., desa Btngl., dipangarangan ngaran N. geus diajakeun pertandingan ngadoe hajam, noe tangtoe tea bae make toempangan, sarta N. djadi bobotohna si Djanggot hajam Estebea noe ditandingkeun djeung si Tjepot hajam noe O.

Barang proeng pertandingan si Djanggot aja dina oenggoel, sarta teu koengsi lila si Tjepot ngatjir kaloear tina kalangan tapi rek malikan deui, ngan kaboeroe dirawat koe O. Teu goegoer teu angin, ngan boeboehan geus kontjara gede ambek barangasan, N. geus mepeg dadana O., lantaran O. disangka litjik. O. teu ngalawan, sarta koe ngaran Oe. si N. teh dipapatahan, tjenah oerang ngadoe teh reresepan oelah toeloej kana kagorenan, da oerang teh djeung baraja.

Koemaha tembalna N.?: Haloe bae geloet oge, da dina paseaan mah euweuh doeloer euweuh baraja!

Tapi koelantaran O. djeung Oe. mah djelema sabar, teroes bae balik.

Toeh geuning nepi ka kitoe boentoetna karesepan teh, tjing atoeh sageuj ari geus karolot mah! Koemaha lamoen eta pertandingan hajam diganti koe pertanding bobotohna? noe geus tangtoe noe boga pakarangan anoe katempoehan, paling saeutik oge di dengdana f 25.— ; eta teh lain doeit?

Djeung kapok deui, sakitoe di Tjigereleng geus di beberik koe politie teh, geuning tjalana sepan mani lamokot koe leutak! Oge ari noe tara ngadoe tong make hajang laladjo noe kitoe, tjan poe goeh oge ger galoengan geus metakeun langkah sareboe dibelaan meuntas waloengan sepan disingsatkeun kelom didjingdjing.

Tjing djadi tjonto: oelah sok adoe-adoean, djeung noe barangasan, toengtoengna sok djadi adoe enjaan. Tapi aloesna pisan mah: setop bae oelah resep kana bangsa ngadoe.

Oesoem naon djaman ajeuna teh?

Lenjepan noen!!! (F e i t).

---

### Djrg. „Ahen Ibrahim" sareng persatoean „Tirtajasa".

Ngadenge bedja ti noe beunang dipertjaja, jen djrg. „A h e n I b r a h i m „p a r t i j p r o p a g a n d i s t" Tirtajasa, hidji pangandjoer, anoe ti m i m i t i g o e b r a g n a „Tirtajasa" ka alam doenja nepi ka ajeuna pisan, bedjana rek m e d a l s i l a tina kalangan partijna.

Andjeunna dina waktoe ajeuna keur noedjoe noengtoet (in Studie nemen) „azas djeung toedjoeanana" partij Dr. Soetomo (Partij Bangsa Indonesia), saberesna rek toeroes djadi anggotana, migawe keur neroeskeun t j i t a - t j i t a sareng angena-angena: goena k e s a m p o e r n a a n b a n g s a d a n N o e s a".

---

### Mesin paranti ngagiling Pare.

Dina „Sin. Pas." dinten ieu dina lambaran katiloe dimoeat advertenti „Mesin paranti ngagiling pare" kaloearan Firma Nippon Hokai di Batavia Centrum.

Eta mesin kalintang saena, sae dianggona toer mirah pangaosna.

Kalintang perloena oerang ngagadoehan.


PASAR BAROE 21B BANDOENG

Malaise sanget hebat!

Djangan boeang wang pertjoema, perloekanlah pesen segala barang² perhiasan M a s dan laen² pada Toko

Goudsmederij - Graveurs - Horlogereparatie

NABA voorheen PATHA

Tentoelah toean dan Njonja mendapat pekerdjaan jang NETJIS, - RAPI dan LEMES harga menoeroet aliran zaman. Maka tida heran kalau toean-toean dan njonja-njonja pada waktoe sekarang ini mentjari ongkos jang ringan, terlebih dahoeloe boektikanlah ke Toko: Goudsmid- Graveurs en Horlogereparatie NABA v/h PATHA, Pasar Baroe 21B, Bandoeng

Teu kinten mirahna!

Margi?

Toedjoean dagang, anoe n o e r o e t k e u n djaman.




Oentoeng saeutik, ngitjal seueur.

Toko di Pasar Baroe No. 20

Anoe koe Djoeragan kedah d i b o e d j e n g.

sajagi:
Ketoe-oedeng, Kopeah, Kitab-kitab, Palekat, Sindjang batikan, Taroempah, Selop kangge Istri damelan Toko Ardjoena s. dj. t.




Pesenan-pesenan, artos kedah dikintoen tipajoen.

Ketoe O e d e n g m a k e r i j

M. D. MOEKRIE

Pasar Baroe No. 20, Bandoeng

A.


Djaba ti etapikeun kapentingan kaoem iboe sareng maroerangkalih istri anoe ngersakeun diadjar njoelam (borduren) kalawan nganggo parabot anoe gampil dihartoskeunana toer pangaosna kalingtang mirahna, tiasa pesen ka firma noe kaseboet di loehoer.

Advertentiena baris dimoeat nngke dina dinte Salasan ping 6. Februari 1134.

---

### Kabar lelang.

Tanggal 5 Febr. '34, koe H. Th. v. Beem, di imahna J. W. Th. M. van Huut di Pasir Kaliki 61.

Tg. 6 Febr. '34, koe N.V. Wijs, di imahna C. J. Roost di Nassaulaan 42.

Tg. 6 Febr. '34, koe N.V. Wijs, di imahna A. A. de Rijk di Progostraat 8

Tg. 7 Febr '34, koe N.V. Wijs, A. J. Schurink di Rotsgansweg 10.

Tg. 7 Febr. '34, koe N.V. Wijs, di boemina M. Kd. Prawiraatmadja di Kebon Klapaweg 80.

Tg. 8 Febr. '34. koe N.V. Wijs, di boemina Njana di Oldenbarneveldweg 97H.

Tg. 8 Febr. '34 koe H. Th. v Beem, di imahna Commissie-vendutie di Naripanweg 80.

Tg. 9 Febr. '34, koe N.V. Wijs, di imahna W. H. Plokkooij di Nassaulaan 48.

Tg. 10 Febr. '24, koe Mr. J. G. Krijger, Perceelvendutie, di Vendulokaal.

idem Mr. T Hornstra idem di Vendulokaal.

---

### Arek ngarampog?

Peuting tadi di Gang Dalekdog k.l. poekoel 10 geus aja kadjadian noe matak salempang, njaeta hidji awewe noe tas balandja, geus aja noe nakol sirahna nepika getihan.

Koe sabab tatoena rada parna, noe ditakol teh geus dibawa ka Sectie, sarta noe nakolna teroes ngatjir teu kanjahoan kamana losna.

Naon anoe djadi gara-garana kana ieu kadjadian, tatjan aja katerangan.

---

### Di toebroek delman.

Manggkoekna dd. 1-2-'34 kira kira poekoel 5,30 pasosore, di djalan Babakan Tarogong hidji lalaki bangsa Indonesier, anoe keur toempak kareta mesin, geus kageleng koe delman B No. 1460 Kang koesir noe telenges teu daek ngeureunkeun atoeh, eta djelema kagoegoesoer, karetana roeksak, ari djalmana ngan barabak bae.

Koesabab euweuh politie, teu djadi perkara naon-naon.

Kasalahan aja di abang koesir, Tjing kang koesir! oelah telenges teuing atoeh!!

---

### R.R. Bandoeng.

Noe dibadamikeun dina pasamoan rengrengan Koemetir R.R. Bandoeng noe diajakeun dina tg 2 Februari 1934. nja eta:

Ngesahkeun begrooting pikeun taoen 1934 ti desa-desa:

Tjoekanggenteng, Tjirandjang, Tjibodas, Tendjolaja djeung Tjihanjawar kabeh bawahan district Soreang.

Batoekaroet, Rantjatoengkoe djeung Gandasoli ti district Bandjaran,

Nanggerang, Tjililin djeung Saar ti district Tjililin,

Mariksa Salinan Let E ti desa Tjibodas, district Soreang, tg. 14 October 1933, tina hal njewakeun tanah desa, sarta poetoesanana geus dibere kakawasaan.

Ngesahkeun begrooting pikenn taoen 1934 ti desa Wangsagara, district Tjiparaj.

Mere idinan ka Ir. J. E. Nissen pikeun ngadegkeun pabrik mesin mesin djeung constructie beusi di Tjibeureum, district Tjimahi.

Idem ka G. L. Altheer pikeun ngadegkeun pameresan soesoe [melkerij] di djalan Bandoeng-Lembang.

---

## MADJALAJA

### Panjakit hajam.

Di ieu tempat oge geus mimiti rea hajam anoe paraeh,

Koe sala sahidji noe boga ieu hajam noe paraeh tea, geus ditjoba-tjoba dioebaran, malah aja oge toetoeloengna.

Ari petana kieu: „Eta hajam noe gering teh, dibelek telihna, toeloej tina telihna dikaloearkeun eusina, sarta djalan kahakanan noe teroes kana boerih teh ditioep make palet, bedjana aja noe ngahalangan.

Sanggeus kitoe toeloej dikapoet koe djaroem make benang bae, tidinja dipopokan koe koneng beunang ngalemboetkeun"

Mangga tjarobian!

Lamoen Doktor mah „o p e r a t i e" meureun.

---


# Milari

Hidji djalmi kangge rekeninglooper, gadjih tiasa badanten ka Administratie ieu serat kabar, noe bade ngalamar kedah stort waarborgsom f 300,—





### Papanggihan Etjle.

Kamari dina Sin. Pas. Etjle matja dina rubriek Warna-Warna karangan hidji pangarang anoe koe Etjle mah katimbangna katjida radjinna, njaeta n g a l a m o e n anoe matak resep, resepna teh beak karep.

Tjenah . . . . . . lamoen doeit perak ditoempoekkeun, pidjangkoengeunana bakal saroea djeung Goenoeng Tangkoebanparahoe.

Tjenah deui . . . . lamoen didjadjarkeun sina antel, pidjaoeheunana bakal djadi 20 paal.

Ensoeproet . . . . . . . . ensoeproet. . . . . . .

Matja karadjinan noe ngalamoen kieu, ras Etjle mah inget kana dahareun.

Lamoen Etjle dahar, sakalina beak kedjo saboboko, meureun sapoë teh beak 2 boboko (da Etjle mah 2 kali tea dahar teh sapoëna).

Hidji boboko eusina saroea djeung koerang leuwih 1 d.M. koebik pasagi.

Djadi dina sapoë Etjle beak kedjo 2 d.M. koebik pasagi.

Dina saboelan 6 M. koebik.

Dina sataoen 12 × 6 M. koebik = 72 M. koebik.

Dina djero 10 taoen 10 × 72 M. koebik = 720 M. koebik.

Oepama oemoer Etjle 30 taoen deui oge, lobana kedjo noe bakal didahar koe Etjle aja 2160 M. koebik—meureun.

Lamoen dibandingkeun djeung gedena Sitoe Aksan, kawasna ieu sitoe teh moal mahi keur ngawadahan kedjo dahareun Etjle woengkoel. . . . . .

Djol anak. . . . . .

Djol si Neneng. . . . . .

Djol . . . . . , manjowet, djol . . . . . ensoeproet . . . . . ensoeproet. . . . . .

Nja bener pohara ari dilamoen mah.

Sakitoe tah kedjona.

Tjaina keur nginoem, kawas moal tjoekoep tjoekoep koe sa-Sitoe Bagenditeun.

Ajeuna laoekna. Lamoen sapoë sapingping hajam djago bae oge. sataoen geus 352 pingping, atawa 176 hajam djago, djago soteh djago . . . . . n g a t j i r!

Djol deui lalabna.

Lamoen sapoëna sapiring seupan saladah bae oge, geus aja pelak saladah 1 d.M. pasagi noe koedoe ditjaboet ti sawah.

Sataoen 352 × 1 d. M. pasagi = 352 d.M. pasagi atawa 32,50 M. pasagi.

Dina 30 taoen djadi 30 × 3,250 M. pasagi = 975 M. pasagi. Aja koerang leuwih 10 kotakkeun, saladahna bae oge.

Ijjjjj . . . . . pohara ieu mah. Matak maroeringkak boeloe dada horeng ari dilamoen kitoe mah . . . . . .

Nja mending tjara saari-ari tea bae, sagala koemaha behna, sagala sakasampeurna. Entong dipikir teroes-teroesan kitoe ah, bisi matak kaloeman koe lalamoenan.

. . . . . . Men beschouwt het leven zooals het is. Klaar is . . . .

ETJLE.

---




### Doea saderek noe goenem tjatoer.

(Samboengan kamari.)

Panoetoep

Raina: Doepi tadi Tjeu, saoer Tjeutjeu kedah ngabantoe tjaroge, ngabantoe naonnana?

Rakana: Eta oepami tiasa, bantoe tjaroge tina kahiroepanana, tapi noe pantes sareng noe halal.

Raina: Koemaha oepami didamel di kantoran sae oge?

Rakana: Ari tjeuk tjeutjeu mah, teu aja lepatna. Aeh enja tjeutjeu oge sok ngoeping, aja noe njarios kieu, keur naon didamel, ka




# Kaajaan di Europa djeung Amerika.

## Oostenrijk contra Djerman Volkenbond dipentaan toeloeng.

OOSTENRIJK djeung Djerman teh doea karadjaan anoe ngabogaan cultuur saroea. Ajeuna ieu doea karadjaan teh keur aja dina patjengkadan, sarta noeroetkeun Aneta Havas. Londen 16 Januari, tjenah pamarentah Oostenrijk rek menta ka Volkenbond soepaja ieu papaseaan teh dioeroeskeun koe Volkenbond.

Kabinet Inggris ajeuna keur ngabadamikeun hal ieu, sarta anggapan Inggris ieu papaseaan teh leuwih hade dioeroeskeun koe nagara anoe galalede bae, anoe njaho kana geografiena [ilmoe boemi].

Oostenrijk ca Djerman atawa fascist ca fascist. Djerman salawasna ngabogaan kahajang, soepaja Oostenrijk bisa ngahidji deui djeung Djerman, pikeun ieu pamaksadan Djerman salawasna ngajakeun propaganda persatoean Djerman-Oostenrijk di djero karadjaan Oostenrijk.

Kahajang atawa kalakoean Djerman anoe saperti kieu, tangtoe bae nimboelkeun katoegenahan Dollfus dictator Oostenrijk, anoe hajang ngabogaan kakawasaan sorangan, sarta ngoekoehan kamerdikaannana Oostenrijk. Henteu heran deui oepama sagala oesaha di djero Oostenrijk pikeun ngajakeun persatoean djeung Djerman, koe pihak Oostenrijk salawasna ditalingakeun pisan.

Ieu lantaranana aja patjengkadan Oostenrijk djeung Djerman, anoe asalna fascist ca fascist sarta teteroesan staat contra staat.

Oepama ieu patjengkadan tea, nepi ka koedoe dioeroeskeun deui koe Volkenbond, hartina boh pihak Djerman atawa Oostenrijk nolak emboeng dioeroeskeun koe karadjaan-karadjaan anoe galede, oerang bandoengan koemaha tandangna Volkenbond kana hal ieu, sedeng ajeuna Djerman geus teu djadi deui anggota ti Volkenbond.

Oostenrijk ngabela dirina, memang boga alesan anoe koeat, nja-eta ngabela kamerdikaan nagarana, sarta henteu moenasabah oepama Oostenrijk disokong koe pihak Prantjis djeung Italie atawa koe Inggris dina saenggoning njanghareupna ka Djerman.

Tina hal ngoerangan pakarang perang, Djerman geus mere djawaban ka Prantjis, anoe hartina henteu bisa noeroet kana kahajang Prantjis, anoe bakal ngaroegikeun kana kaajaan Djerman.

Djerman nerangkeun tjenah 200.000 soldadoe moal pitjoekoepeun pikeun ngabela kasalametanana Djerman. Dina djawaban Djerman ka Prantjis, Djerman menta soepaja panalingaan organisatie millitair oelah woengkoel ka pihak Djerman, tapi oge nagara-nagara anoe sedjen koedoe ditalingakeun.

### Inggris sasadian di Singapoer. Amerika nambahan armadana.

Vlootbasis Inggris di Singapoer, keur riboet ditohagaan, sarta dina kapal perang Kent geus ngajakeun hidji babadamian anoe dirasiahkeun, diantara djendral-djendral ti sabawahan Inggris. Tiloe poeloeh mill. ponsterling, behroeting pikeun ngomean Vloot basis Inggris di Singapoera.

Sadjabana ti Inggris Amerika oge teu tinggaleun nohagaan armadana di laoet di darat.

Amerika nohagaan armadana teh nja eta tjenah njoemponan vlootverdrag di London, sarta ajeuna Amerika rek njieun 130 kapal perang djeung 1184 kapal oedara anoe modern pikeun nambahan kakoeatan djero nagara.

Sanadjan Amerika keur ngarasa soesah koe hal kaajaan financien, tapi ari kana kaperloean perang mah djigana teh pohara soson-sosonna. Pikeun begrooting marine lobana 2014.747.000 dollar, sedeng pikeun kaperloean di darat lobana 1.888 000 dollar.

Koe ajana sasadiaan parabot perang anoe sakitoe tohagana, oedjoeg-oedjoeg bisa dipastikeun bae, jen nagara-nagara teh dina sadjeroning tjitjing-tjitjing, tetep nohagaan kaperloean perangna.

Eureun tina kageumpeuran politiek, itoe-ieu pada ngadjalankeun diplomatiena, dina lahir djiga aja kaakoeran, tapi dina batin kaoem-kaoem diplomatie geus sasadiaan pitoelang tonggongeun. Tiis - tiis djahe istoening saenjana, ibarat seuneu dina doeroekan hoeoet.

Inggris nohagaan armadana di Singapoer, pikeun ngabela kapentinganana di pacific. Nagara nagara di Europa kitoe deui Amerika pada-pada ngabogaan kapentingan di Timoer Djaoeh, sarta koe tandangna atawa koe sasadiaan Inggris di Singapoer, tangtoe bae sakoer anoe ngabogaan kapentingan di Timoer Djaoeh mah moal tjitjingeun.

pan kagoengan tjaroge, malah aja noe njarios kieu pisan, Istri mah tara itjari ka Batawi, tjari doeit ka lalaki" aja deui tjeutjeu ngoeping njarios kieu geulis-geulis nganggo kersa ka pawon sagala, na lamoen teu kitoe moal tjarogean deui. Ah eta mah, sadajana oge sanes goegoeeun, ajeuna mah djaman sakieu tige ratna, anoe kedah tea samenwerken. Nanging eta oge tiasa ngeureut neundeun atanapi economisch, sami bae sareng ngadoe deui ka tjaroge.

Raina: Naon deui Tjeu, soegan aja pakarang noe sanes pikeun geureuha?

Rakana: Aja deui pakarang pikeun di geureuha, njaeta kedah sabar.

Raina: Sabar? sabar koemaha, didamel tjotjooan mangga, teu dihargaan mangga, kitoe tjeu?

Rakana: Ih, sanes, maksoed tjeutjeu mah, sabar teh, koedoe tawekal, oelah enggal-enggal poetoes pangharepan, koedoe ngilari akal soepados aman sareng santosa, dilebet roemah tangga. Da eta teh teu kedah hiroep ageung sanadjan hiroep alit oge, oepami geureuha akoer sareng tjaroge mah, tangtos tiasa hasil, komo disarengan Rachmat ti Pangeran mah, sagala goembira bae.

Raina: Eta geuning Tjeu, sok aja geureuha noe enggal moendoet ditalak.

Rakana: Nja, sok aje oge, geureuha, oepami ningali tjaroge kenging kasesah tina padamelan di lirenkeun oepamina, atanapi tina peroesahaan moendoer, atanapi barang poendoet teu digoegoe, lantaran teu kadongkap, ladjeng bae moendoet ditalak. Atanapi aja oge geureuha, noe api-api teu damang, da wegah njajagikeun tjaroge kirang pangasilan, atanapi tempo tjaroge soemping heug natangga, ngobrol noe teu aja mangpaatna. oepami teu kitoe sesentak ka tjaroge, atanapi ngomel teu aja lirenna, meupeus keujang, da tjaroge kirang pangasilan.

Raina: Na koemaha manahna tjaroge moen keur kitoe?

Rakana: Atoeh manah tjaroge noe sakitoe koesoetna, sapertos benang padjeudjeut, langkoeng koesoet sareng peroeh deui ninga kaajaan geureuhana kitoe, beuki njedek kasesahna, geureuha noe diarep-arep pertoeloenganana, njaangan kana manahna, kantoen kitoe kaajaanana, atoeh beuki katjida bae di poeoek koe kasesah sareng kabingoeng teh, dongkap ka teu kantenan noe ditoedjoe. Nja toengtoengna nibankeun tolak noe sareng sedih tea, sanaos tadina teu ngalamoen-ngalamoen atjan kana nolak.

Raina: Na awon ari moendoet ditolak Tjeu?

Rakana: Ih, komo bae koe noe achli sara mah, di pahing pisan.

Raina: Ah parantos wengi, mangga oerang karoelem.

?




## Soekaboemi.

### Geus bosen hiroep?

Di roemah sakit Gemeente di Soekaboemi, geus dirawat hidji pemoeda noe oemoerna kakara 17 taoen, panjakitna njeri beuteung lantaran ngadahar daging boeroek.

Politie geus naloengtik kana ieu kadjadian, tapi hasilna nihil, djalaran boekti - boektina henteu tjoekoep.

Kamari ieu eta pemoeda geus dipenta kateranganana anoe bener, achirna geus ngakoe teroes terang, pangna njeri beuteung manehna hajang maehan maneh koe djalan nginoem blauwzuur.

Ajeuna eta pemoeda geus ampir tjageur, dina sawatara poë deui baris dikaloearkeun ti eta roemah sakitna.

—

### Boekoe Partindo dibeslag.

Poë Minggoe tang. 28 n. a. k. poekoel 2 drukkerij Masdoeki di Tarikolotweg Soekaboemi, geus didatangan politie, njaeta: Politie Opziener, Tjamat kota, Mantri politie, recherse djeung agent politie.

Babakoena anoe diteangan koe politie njaeta boekoe-boekoa Partindo [katerangan azas Partindo] anoe koe Partindo tjabang Jacatra ditjitak di eta drukkerij.

Noeroetkeun katerangan ti Directeur eta drukkerij, boekoe boekoena tatjan disebarkeun, lobana noe geus ditjitak k. l. 3010 boekoe, sakabehna eta boekoe-boekoe djeung copé-copéna geus dikirimkeun ka Hoofdkantoor Partindo Jacatra dina tanggal 6 December n. a. k.

Hasilna ngagaradah ngan oekoer manggih 2 boekoe, kalawan teroes dibawa koe politie.

Eusina eta boekoe politie tatjan bisa nerangkeun, koe sabab tatjan dibatja, djadi noe dipake alesan patali djeung eta beslahan, roepana bae eta boekoe eusina ngandoeng hidji alesan noe matak berbahaja pikeun katengtreman oemoem.

Noe ngarang eta boekoe, nepi ka ajeuna tatjan bisa diterangkeun.

## Tjikampek

### Leuwih hade diboei tibatan majar denda.

Sababaraha poeloeh djalma di ieu district, geus mareunang poetoesan ti Landgerecht koedoe malajar denda masing-masing f 2 atawa boei 2 poë. Ari noe djadi sabab, njaeta kabeh teu mereloekeun mareuli penning Sado atawa gorobagna.

Diantarana eta djalma-djalma anoe geus didenda, 100 pCt. anoe leuwih soeka diboei, tibatan koedoe majar f 2.

Gara-gara maleseu!!

## Madjalengka

### 34 djalma djadi wadal pest.

Dibawahan Madjalengka, ajeuna keur dieunteupan koe page boeg pest, nepi ka poë ajeuna geus aja 34 djalma anoe katerap eta panjakit, diantarana 7 djalma lantaran panjakit longpest.

## Bogor

### Mutatie.

Kalawan officeel geus diwawarkeun, koe pamentana sorangan, barsi eureun kalawan hormat, mimiti tg. 31 Maart 1934, P.B.B. Faber Hoofdamtenaar diloear djabatanana ti nagara.

### Djrg. Joesoef ngasoet?

Djrg. Joesoef Jahja, noe anjaranjar ieu geus ditoedoeh ngalanggar artikel dina s. k. „Gledek" noe dianggap ngasoet ka pamarentah, dina tg. 21-1-'35 baris di pariksa di Landraad Batawi noe baris divoorzitterna koe Djrg. Mr. Koesoema.

## Jacatra

### Kageleng mobil.

Di Matramanweg Mr. Cornelis hidji boedak noe oemoerna k. l. 8 taoen noe rek meuntas djalan djeung indoengna, geus kadoepak „taxi" anoe keur madjoe ka Btv.

Eta boedak tatoena katjida parnana, koe sabab asoep kana kolong taxi.

Teroes eta boedak teroes dibawa ka C.B,Z., sedeng taxina dibawa ka kantor politie.

—

### Doea agent Fiag noe ngagelapkeun doeit.

Politie Mr. Cornelis geus mariksa perkarana doea agent Fiag anoe geus ngagelapkeun doeit huurkoop.

Tjek bedja doeit noe dipake, noe saoerang f 300.— djeung noe saoerang deui f 150.—

—

### Dilarang koe Resident.

Madjelis Penjiaran P.N.I. geus ngawawarkeun:

P.N.I. tjabang Jacatra baris ngajakeun pasamoan anggota noe ditoetoep dina poë Minggoe tang 4 b. i., tempatna di sakola Moehammadijah Kramat, di eta kota.

Patali djeung ajana vergaderverbod, pangoeroes tjabang geus ngasoepkeun soerat katerangan ka Hpb. dina tangg. 27 Januari 1934.

Tapi pangoeroes tjabang geus narima soerat besluit ti Resident Jacatra dina tangg. 30 Jan. '34 No. 265/f nganjatakeun jen eta pasamoan „d i l a r a n g."

—

### Rapport sadiaan beas.

Resident Jacatra menta ka sakabeh soedagar beas di Jacatra djeung sawewengkonna soepaja sakabeh persediaan beas dilaporkeun, njaeta pikeun naloengtik pamandangan tina pasal kaajaan kadaharan.




— Tina s.s.k. sedjen —

## POLEN

### Non Agressie Pact djeung Duitschland.

K a t e r a n g a n k a F r a n k r i j k d j e u n g R u m e n i a

Warschau, 30 Jan. (Aneta Havas Sg. P.)

Kamari Maarschalk. Pilsoedski enggeus njamboet kadatanganana gezant-gezant Frankrijk djeung Rumenia, doea sarikat ti Polen, anoe mere njaho oenina perdjangdjian-perdjangdjian tina non-agressie pact Duitschland—Polen.

## ROEMENIE

### Rumenia djeung Bulgarye.

C o m m u n i q u e M o u c h a n o f f.

Boekares, 30 Jan. (Aneta Havas Sg. P.),

Sabadana babadamian djeung Fitulescu, Mouchanoff ngaloearkeun hidji cominique, anoe noedoehkeun kapentinganana babadamian noe dilakoekeun koe manehna pikeun kapentingan anoe doea nagara, noe aja di Balkan,

Tapi diimplik-implikan nerangkeun jen Bulgarye moal oeloebioeng toeroet tjampoer kana Balkan-pact.

## INDIA

### Bentrokan.

Peshawar, 31 Januari (Aneta-Reuter K.P.).

Oerang Tochi anoe neangan katerangan sarta dikapalaan koe opsir-opsir Inggris, dina waktoe ngaronda ka wewengkon Wazir enggeus dibedilan ti tempat noe soeni koe oerang-oerang Ghilzai, nepikeun ka aja tiloean noe maot djeung saoerang noe tatoe.

Barisan balatantara militie toekang oerang Kurrana njerang tempatna oerang Khilzai, nangkep 13 lalaki djeung ngarampas 119 onta kalawan henteu ngabekasan bedil sakali-kali atjan.

## RUSLAND

### Record, tapi tjiluka!

Moskou, 31 Januari (Aneta-Reuter K.P.).

Majitna 3 djelema anoe kamari noempakan ballon ka Stratosfeer sarta meunang record anoe loehoerna 12,87 mijl, kapanggih di deukeut Potiuskyorkrog, deukeut djalan kareta api Moskou-Kazan.

## ENGELAND

### Gezant Inggris anjar.

London, 30 Januari (Aneta-Reuter B.T.).

Sir Robert Henrij Olive Inggris di Vaticaan, diangkat djadi Gezant di Tokio sebagai gantina Sir Fracis Lindly.

### Kaajaan Sir Baden Powel.

London, 31 Januari (Aneta-Reuter B.T.).

Ajeuna kaajaanana Sir Baden Powel aja sakira mendingan.

## CUBA

### Pamogokan di pabrik-pabrik goela.

Havana, 30 Januari [Aneta-Havas K.P.].

Pagawe-pagawe ti 15 pabrik goela marogok.


Machin Giling Padi

PENDAPETAN BAROE

PRACTISCH ECONOMISCH.




Gambar machin bikin poetih beras dan pitjah koelit. pakai motor.

Ada sedia

MACHIN GILING PADI:

a. Machin bikin Rontok Padi pakai tenaga kaki.
b. „ „ Pitjah Koelit „ „ tangan.
c. „ „ Poetih Beras „ „ „
d. „ „ Pitjah koelit pakai tangan (penggilingan monjet merk Nipon).
e. Machine pakai tenaga Koeda, Sapi, Kerbau, atau kekoeatan air.
f. „ „ stroom Electrisch, atau Motor Olie.
g. „ Kipas (Hongkwi) dipoetar dengan tangan.
h. Perkakas ajakan (pilih beras).
i. Motor minjak solar, rusidi dan motor electrische.

Barangnja koeat, harga moerah berimbang dengan djaman sekarang (moerah belinja dan menang dipakainja.)

Keterangan lebih djaoeh dan prijscourant minta pada:

NIPPON SHOKAI

SENEN 56
Telefoon Welt. 1489.
BATAVIA-C.

SLOMPRETAN 33
Telefoon 3704 Noord.
SOERABAIA.

Mutsen,- Ketoe Oedengmakerij & Batikhandel

M. ENDJAR

NOORD PASARSTRAAT No. 14 BANDOENG

FILIAAL TOKO MAS ENDJAR

NOORD PASSAR STRAAT 16

Oepami Djoeragan-djoeragan angkat ka Noord Passarstraat No. 14—16, moegi oelah lepat, sindang heula ka toko M. Endjar Margi salamina pribados njajagian roepi-roepi batikan, tinoenan, sareng ketoe-oedeng.

PANGAOS MALAISE

Tinoenan Madjalaja setengah soetra pangaosna ti f 2.50— f 2.75 doegi ka pangaos f 3.—

Tinoenan Madjalaja (soetrana) pangaosna ti f 2.75 f 3.— f 3.25 doegi ka pangaos f 4,25

Tinoenan Cheribon (tina kanteh asli) pangaosna ti f 2.65.— f 2.75 — f 3.— f 3.25 doegi ka pangaos f 3.50.

Tinoenan Garoet, pangaosna ti f 2.25 doegi ka pangaos f 4.—

Ketoe-oedeng, batikan Banjoemas pangaosna ti 1.50 — f 1.75, f 2.— f 2.25 f 2.50 doegi ka pangaos f 4.50.

Sawitan-sawitan damelan pangaosna Banjoemas, ti 5.50 f 6 — f 6.50 doegi ka pangaos f 12.50

Sawitan Materon, pangaosna ti f5 7.50 f 8.— f 8.50 f 9.— doegi ka pangaos f 17.50

Saroeng batik damelan Banjoemas, pangaosna ti f 2.40, f 2.75 doegi ka pangaos f 6.50.

Oge ngitjalan roepi-roepi toedoeng Panama, damelan, Radjapolah Madjalaja, sareng Tanggerang. Deui njajagian roepi-roepi koetang batik (plangi), selop bloedroe, sareng roepi-roepi palekat.

Djabi ti eta, henteu sadajana di berendelkeun, langkoeng sae boektoskeun, ka toko pribados.

Hidji perdagangan, anoe nganggo toedjoean moderen. Model barangna, pasti pangaosna, di tanggel njoegemakeun ka para djoeragan.

N. B. Saha anoe moendoet prijscourantdi kintoen.
Oge tiasa ngintoenan rembours ka sanes-sanes tempat.

## Aos - Penting!

Kanggo para Djoeragan Abonné's „Sinar Pasoendan" aja kalonggaran, oepami bade sakalian ngalanggan weekblad„ Semangat" noe nganggo roepi-roepi gambar kalintang actueel sareng saena (combinatie „Sinar Pasoendan" sareng „Semangat") ngahadja moeng dietang f 5.50. Djadi kanggo **weekbladna moeng dietang f 1.—** sedeng pangaos noe biasa (ngawoengkoel) **kedah f 2.—** dina sakwartaal.

Enggal moendoet djadi langganan, ajeuna pisan atanapi serat dina strook **postwissel ka:**

Administratie Sinar Pasoendan
Bandoeng

N.B. Disoehoenkeun soepados pembajaranana dibajar tipajoen lebet sakwartaal2.



## Dr. E. S. HOUTMAN

Oud Merdika 16 - Tel. 1768
BANDOENG

Waktoe njarita antara poekoel 8 — 12 beurang djeung 5 — 6 sore

Ngawoengkoel ngoebaran noe boga panjakit zenuw djeung djadjantoeng.

Sanatorium disadiakeun kl. I, kl. II, kl. III djeung kl. IV.

Tempat negla, sirna toer matak sehat.

Pamandian tjipanas - tjitiis sadia



# „TIGER BALSEM"




Ieu Oebar Balsem didjieunna lain tina gadjih-gadjih sasatoan.

Ieu Oebar Balsem adjaib sarta mandjoer pisan pikeun landong Batoek, Salesma. Rieut Sirah, Toedjoe, njeri tjangkeng, Pegel soekoe. Oerat-oerat kentjeng, Beuheung sosongketeun, Serak, njeri hoentoe, Mengi, Digegel sato-sato peurahan, Raheut, Letjet djeung roepa-roepa panjakit dada.

N. B. Pikeun ngadjaga kasakit noelar, hade pisan njimpen sabotol ieu Oebar keur di imah atawa njanjabaan.

Ari makena kieu: Gosok sing bener mana noe karasa njeri doea tiloe kali sapoë sarta boengkoes koe flanel atawa kaen panas.

N.B. Balsem sim koering didjieunna doea roepa, nja-eta beureum di boengkoes koe kertas beureum sarta Balsem bodas koe kertas bodas.

## ENG AUN TONG

MOLENVLIET WEST No. 174 — TELF. No. 1090 BATAVIA

**Batavia-Centrum.**

Bisa dapat beli di segala tempat toko-toko obat (apotheken dan drogisterijen).



Firma TONG BIE
Gr. Postweg 6-Telf. 1461
— Bandoeng —

Sajagi roepi-roepi parabot njerat, kangge kaperloean kantoran sareng sakola.

**Pangaos mirah.**



## Sabaraha reboe djalma
anoe geus ngalaman kasoesahan?




Anoe geus „DOBOL" kantongna djeung geus bisa dibobodo koe pangaroehna pokrol-pokrol titiron?? Anoe geus koedoena ngalaman KAROEGIAN djeung meakeun waktoe.

**Koe sabab teu bisa njieun rekest!**

Pikeun ngaleungitkeun sagala roepa kasoesahan, moeng koe artos f 5.— ajeuna djoeragan tiasa meser

**Koempoelan tjonto-tjonto Rekest!**

Ka Gouverneur-Generaal, nepi ka Directeur van Justitie, ti oeroesan Civiel, nepi ka oeroesan Crimineel djeung bab dagang! Ngan oekoer LIMA ROEPIA per POSTWISSEL f 5,-, ONGKOST VRIJ.

PESEN SALAMINA KA
„THOCASCO" afd. Boekhandel
3 PINTOE BESAR 56B — BATAVIA.



Kenging ngahadja disajagikeun kanggo paramaos ieu serat kabar

**F 4,50**

pangaosna HAWK-EYEKODAK: A Special (Pamotretan merk Hawk-Eye) noe kalintang sae sareng mirahna kawoewoeh loetjoe kanggo persenkeuneun ka poetoe

Tiasa pesen ka Administratie ieu serat kabar



## INFLUENZA

Djaga! Ini moesim itoe penjakit moelai mendjalar. Boeat melawan dan mendjaga soepaja badan lekas semboeh, perloe pake:

**INFLUENZA TABLETTEN** kloearan Apotheek „De Gedeh" harga f 0.75 per tube à 20 st. Barang kloearan Apotheek. harep djangan di samaken sama apa jang segala toko kasi kloear.

**EAU DE COLOGNE** (Roode Kruis) „Carelly" ada boekan kerojalan kaloe kita pake di ini moesim, tapi ada sesoeatoe kaperloean en penoeloeng boeat bantoe melawan sakit kepala en pilek jang di dapet dari lantaran Influenza.
Harga sedia dari f 0.50, f 1.— f 1.75 en f 2.50.

Chemicalienhandel: L. L. CARELLY
CANTINEWEG —o— TJIMAHI



## Kleermaker „Saäban"

CHINEESCHE VOORSTRAAT
Bantjeuj 24 — Bandoeng.

Midamel panganggo noemoetkeun sakoemaha kapalaj para Djoeragan noe ngongkon, potongan kaajeunakeun, oge njajagikeun roepi-roepi lawon kangge panganggo. Sanes kanten padamelan ditanggel njoegemakeun. Soemangga ngadamel pertjobian. **Parantos kamashoer dis akoeliah Java.**



## KLEERMAKER ADJID

OUDE KERKHOFWEG No. 12 — BANDOENG

Diboekanja belon lama trima pekerdjaan roepa roepa boeat pakean toean-toean dan anak-anak dari model sekarang dan djoega model doeloe, bagimana toean poenja soeka saja tanggoeng bisa dan djoega bisa trima pesenan perkara ongkos di reken moerah, menoeroet djaman sekarang soesah wang (alias Malaise), boeat pekerdjaan saja tanggoeng menjenangken, persis, rapih, bagoes dan tjepet, kalau koerang persis boleh kasih kombali, saja bikin betoel, oleh karena itoe tjobalah toean-toean saksikan sendiri saja poenja pekerdjaan brangkali toean-toean belon pernah kenal sebab saja disini masih baroe boeka.

Memoedjikan dengan hormat,








## Loterij baroe Moelai didjoeal
## 16 Januari 1934

LEKAS pesan djangan sampai keabisan Loterij oewang besar f 500.000 terbagi dalam 50.000 lot à f 11.— dan terbagi lagi dalam kwart Lot à f 2.80 boeat goenanja „Mij. Voor Individueele Werkverschaffing". Totaal djoemblah prijs-prijs f 250.000.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Jaitoe: | 1 | prijs | dari | f 100.000 |
| | 1 | „ | „ | f 50.000 |
| | 1 | „ | „ | f 25.000 |
| | 1 | „ | „ | f 10.000 |
| | 1 | „ | „ | f 5.000 |
| | 5 | „ | „ | f 1.000 |
| | 10 | „ | „ | f 500 |
| | 500 | „ | „ | f 100 |
| Totaal | 520 | prijs | | f 250.000 |

Lot-lot bisa dapet beli pada
**TOKO LARIS**
Gang Asem - Tjimahi
— Telefoon No. 29 —

Penarikan di Batavia pada boelan Februari '34 katjoeali bila itoe tanggal dimadjoekan oleh Directeur van Justitie, djika lot-lot terdjoeal abis lebih siang. Kaloe lot tida terdjoeal abis, prijs-prijs akan dikoerangin dengan berimbang, pengiriman rembours tambah f 0.75, aangeteekend f 0.35.


**IMPLIK-IMPLIK:**

# AJABAN
KINTOENAN
# ROESTAMI

3

PANGKOER.

11. Gantjang disaoer poetrana, Oemarsahad sarawoeh Ki Oemarsahid, toeloej Marmaja ngadawoeh, teu njokot kantong bapa? doea poetra ngalahir djeung bari imoet, ka ramana ngadjebian, barina soeka djeung seuri.

12. Behna mah koeat toeroenan, toekang ngigel anakna sok bisa ngibing, aing bet toeroen toemoeroen, adoeh Nji Bastari tiwas, endong kakang leungit saha noe ngagoeboeg, baroedak mah teu taksiran, ieu anoe maling sakti.

13. Sigeug Marmaja keur soesah, kotjap deui piwarangan Soeltan Amir, sadaja para Toemenggoeng, weleh neangan pedang, teu kapendak kabeh ngadeuheus ka Ratoe, Kangdjeng Soeltan seg mariksa, koemaha para Bopati.

14. Tjedok njembah aroendjoekan, kaoelanoen Kangdjeng Soeltan Djajeng Moerti, abdi njanggakeun bebendoe, pedang teh teu kapendak, langkoeng sesah abdi-abdi para Ratoe, Kandjeng Soeltan ewed manah, enggal ka Maktal ngalahir.

15. Geuwat boeroe-boeroe Maktal, geura saoer kakang Marmaja sing gasik, anoe maling sina soesoel, Ki Patih tjedok njembah, sanggeus toetas timbalanna menak toeloej, ngadeuheusan ka Marmaja, Patih Maktal ladjeng tjalik.

16. Ari saoerna Marmaja, aja naon Maktal semoe roesoeh teuing, abdi dioetoes koe Ratoe, kang rai Amir Hamdjah, kaleu ngitan pedang kamkam enggeus lapoer, gamparan teh kedah angkat, njoesoel pedang saoer rai.

17. Marmaja poesing saoerna, Patih Maktal saoerkeun ka menak Amir, bolampar kakang njoesoel, kakang ge keur kasoesahan, leungit endong bolalampar ngoeroes batoer, hatoerkeun bae koe Maktal, Maktal njembah balik deui.

18. Geus soemping ka pajoen menak, tjedok njembah Patih Maktal bari tjalik, Kangdjeng Soeltan seg ngadawoeh, koemaha bedjana Maktal, kakang Oemar enggeus angkat bade njoesoel? Patih Maktal seg oendjoekan, dipioendjoek saoer tadi.

19. Sasaoerna Oemarmaja, Kangdjeng soeltan bendoena kaliwat saking, ka Maktal seg deui njaoer, tjoba kakang sina datang, geuwat-geuwat Patih Maktal gantjang oendoer, goera-giroe ka Marmaja, geus tepang Maktal gek tjalik.

20. Marmaja mindo mariksa, naon deui timbalan ti Soeltan Amir, Ki Maktal enggal mioendjoek, gamparan teh kedah angkat, Oemarmaja enggal ngadeuheus ka Ratoe, diiring koe Patih Maktal, geus soemping ka pajoen Goesti.

21. Oemarmaja oeloek salam, enggal bae didjawab koe Soeltan Amir, djawabna Moealaekoem, Oemarmaja enggeus lenggah, dina korsi ngarendeng papajoen-pajoen, menak Hamdjah seg mariksa, ka Marmaja bidjil poesing.

MIDJIL.

1. Kangdjeng Soeltan enggalna ngalahir, ka Marmaja kahot, koetan kitoe kasep sampean teh, henteu njana liwat saking, han djakal koe sakti, saantero poendjoel.

2. Moal aja di Arab noe nanding, geus mashoer kekentong, kangaranan Oemarmaja teh, lalakina di Arab nagari, ajeuna djig njingkir, geura helos oendoer.

3. Oelah aja di Arab nagari, ajeuna geura djor, oelah tjitjing didieu geus rehe, kami ídjid teu hajang ningali, hajoh geura indit, ajeuna geura djoeng.

4. Oemarmaja kaget liwat saking, sakedap mah bengong, toeloej njaoer tapi reudjeung sareh, adoeh Soeltan Djajengpati, rai masing eling, kakang neda maloem.

5. Leresna mah kedah manah lantip, kakang ge ngaraos, anoe mawi ieu kakang teh, mawi kakang walon ka Patih, ka salira rai, eukeur mendak bingoeng.

6. Hente benten kakang kawas rai, kaleungitan endong, eng geus tangtoe teu poegoeh pikir ge, keur ngahoeleng torodjol Ki Patih, dioetoes koe rai, kakang walon goegoep.

Sami oengeun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sinar Pasoendan

LAMBARAN KADOEA No. 26 TAOEN KA 2

SAPTOE 3 FEBRUARI 1934 — 18 SAWAL 1352.

## JACATRA.

TI TELOEKPOETJOENG DISTRICT BEKASI.

### 1. Saha noe koedoe mikir?

DINA hidji waktoe koering oelin ka kawawoehan di Teloekpoetjoeng. Toean roemah pohara sonoeunana ka koering, lantaran moelan-malen teu papanggih. Atoeh sagala noe aja disoegoehkeun ka koering. Sadjeroning koering ngopi koering ngawaskeun kana roman noe boga imah, teu siga-siga boga kasoesah, sarta ana ditengetan bet kadaharan noe disoegoehkeun teh lain beunang meuli ngadadak ti toko Tjina, estoe beunang njieunna sorangan, beunang koe modal saeutik tapi practisch, teu era ngasongkeun sanadjan ka saloehoereun. Malah tjek koering lantaran teu asa djeung djiga ka eta kawawoehan: „Nji koedoe kitoe" zaman ajeuna, mah kadaharan teh koedoe djetoe boeatan sorangan, itoeng-itoeng ngahoedangkeun djeung nambahan pangabisa bangsa oerang. Pohara moefakatna kieu teh. Balikanan boeatan toko mahal, djeung engkena noengtoen kana kamalesan bangsa oerang".

Koe lantaran koering sono ka noe diandjangan djeung resep nendjo pangakoena, atoeh belewek deui belewek deui bae dadaharan, bari teu elat tjai tehna.

Sarengsena ngeteh toeloej koering tjarita sarta dibandoengan koe priboemi:

Memang dimana-mana oge moal aja noe bireuk, karasa njesekna, pedesna moen angeun tea mah karasa oejah tarasina, jen dimana-mana oesoem meleset. Geura pikir: „Noe nampa gadjih bati ngagerenjih ngiker-ngiker sangkan aja kaberesan dina oeroesan roemah tanggana, soemawonna anoe kaperloean sapopoë ngandelkeun „Boeatan si mata pena, njaeta sakadang bon mah", katoeroeg toeroeg ngebonna teh ka bangsa Asing deui, beuki pohara bae ngadjadikeun koesoetna teh. Tjek paribasa „bisa toetoep lobang gali lobang" oge geus aloes pikeun anoe kitoe perdjalanana mah ngatoer roemah tang gana.

Ngan orokaja pikaroenjaeun, eta ari dina nampa gadjih riweuh; toengtoengna teh djoewet pikiran. Mana mikirkeun hoetang ka toko koedoe dibajar voldaand, ka Entjek toekang Ciridiet koedoe majar, atjan doeit rentenan oepamana, bajaran anak noe noedjoe sakola (noe boga anak) dj.s.t.

Toengtoengna doeloeng-doengdeng nja pipikiran sarta tangtoe ngadjadikeun awoet-awoetan sateroesna, lantaran bongan tadina sok noemanan kana hoehoetang. Atoeh koemaha: bisa beres boelan ieu, boelan hareup gep ngandjoeg deui, lantaran doeit anoe di itoeng-itoeng baris begrooting boelnn eta beak dipake babajar.

Djeung deui ngaran oerang djadi tjoepar, sabab dina oerang teu bisa majar teh toko Tjina langanan, estoe didagangkeun ka sakoer djelema anoe balandja, ma loem anoe dagang, toeroeg-toeroeg sedjen bangsa, tangtoe bae anoe ngaboreaskeunana wiwirang teh teu asa djeung siga estoe sa djepatna bae.

Malah dina sakali kadjadian teu bisa majar atawa ngarestan hoe tang teh, gampang pisan eta wa roeng atawa toko Tjina teh nga mahalkeun daganganana, sabab sangkaanana [malah djeung enja na] sanadjan dimahalkeun oge tangtoe ditjokotna, lantaran geus kanjahoan kahengkeran oerang.

Eh ripoeh lebah dinjana noe gadjih loba djalan hoehoeta ngan mah, sabab tjek babasan oge: Matih toeman batan toembal. Toeman ngandjoek, ngandjoek bae sateroesna. Koering eureun tjoemarita sarta pada nga hoeleng djeung priboemi".

Tjek priboemi: „Tjing koema ha atoeh sangkan noengtoet lesot tina kasangsaraan?

Walon koering: „ Naha koemaha kitoe dina ngatoer roemah tangga teh?"

Priboemi: „Hal eta teu koedoe njarita sorangan, kapan paribasa omong haroes batan goöng. Koemaha kadengena koe ïij atawa koe kawawoehan ik di dieu, naha ik geus bekend toekang ngan djoek toekang Cridiet?"

Nendjo boekti djeung kajakinan manehna, koering pertjaja jen manehna beres dina oeroesan roe mah tanggana, malah hawar-hawar bedja manehnana djadi panjalindoengan babatoeranana.

Koering noeloeikeun tjarita: „Lamoen andjeun pertjaja sarta moepakat karana njerep kana ati sanoebari, kieu djalanna:

Kaoem gadjih bangsa Soenda di dieu lain saoerang bae, tapi meh aja 10 djelema. Tjoba atoeh njieun Cridiet atawa Vebruik Coopeartie diatoer make aandeel, tjon tona di Bekasih, geus ngadeg Cooperatie sarta kaitoeng hiroep na soeboer, njoekoepan kaperloe an aandeel houderna.

Naha naon halanganana di Teloekpoetjoeng ngajakeun waroeng Cooperatie?

Masing inget!!! ajeuna zaman digawe babarengan enggoning ngatoer economie, ajeuna zaman Cooperatie, oelah bon di kota, di kampoeng-kampoeng geus goen-gen ngadegkeun Cooperatie, Pendokna hiroep koem boeh koedoe ngindoeng ka waktoe, ngabapa ka mangsa, oelah egen belang.

Koering pertjaja 100 %, jen tangtoe diantara oerang Soenda noe ngoembara di Teloekpoetjoeng tangtoe aja noe ngarti kana bab oeroesan Cooperatie asal djoeragan-djoeragan anoe sanes enggal moeka simboet ajeuna parantos siang, oelah kadjong djonan. Tembongkeun karesep kaboedajan, oelah kagoengan manah:

Ah!!! kadjeun teuing mahal oge, asal barangna aloes bisa laksana maksoed, maksa bae di tjokot [dihoetang] ti Entjek koe djalan crediet oepamana. Dina emoetan koering, kirang hadena dina djaman meleset kieu mah, bisi achirna ngadjadikeun tjodeka ka salira.

Lain pisan koering ngahihina ka noe boga hoetang atawa crediet, tobat lain, pendekna sanadjan ditjidoehan aoel oge teu pisan-pisan maksoed kitoe, ngan ieu mah pisaeeunana sangkan beres kanggo oemoem, Da sarerea oge pada boga hoetang mah, ngan oelah ngagedekeun teuing ngandjoek ka bangsa Asing, kapan ajeuna mah koedoe aja manah hajang ngadjoengdjoeng economiena bangsa oerang, sarta ieu mah angen-angen djadi panerangan bab Cooperatie, lantaran panilik koering katjida aloesna pikeun ahli gadjih, tani atawa dagang oge diajakeun Cooperatie teh.

Tjing tjoba!! ka hareup mah enjakeun, djadikeun Cooperatie di Teloekpoetjoeng, tjekkoering ka sobat koering tea. Koering sorangan miloe boengah, miloe atoh oepama di Teloekpoetjoeng ngadeg waroeng Cooperatiena tjara di Bekasi sarta merkna masing njatjas terang ti kadjaoehan: C. P. T. hartina Cooperatie Pengembara Teloekpoetjoeng. Meureun dimana djalan-djalan ka Teloekpoetjoeng, kabeneran dina beakeun oedoe deun teh, tangtoe merloekeun ka C.P.T. ngabalandjaan.

Tjindekna kaoem gadjih oerang Soenda di Teloekpoetjoeng teu atjan tanghi, teu atjan ngahidji kabatinan, da boektina atjan aja Cooperatie-cooperatie atjan ka tinggaleun koe tempat sedjen.

Moega koe panerangan koering anoe ngalantjong, bisa ngadjadikeun reugreug pageuh ka djoeragan-djoeragan, oelah tige broes kana djoerang lentab darat djeung ka Credietisme.

Djadikeun Cooperatie!!!

Ka hareup baris disamboeng koe sanes bagian dimana koering ngalantjong deui.

Noe ngalantjong
Engang.

## 2. Saha noe wadjib naloengtik?

Pikeun kaamanan di tanah Particulier Teloekpoetjoeng.

HEULEUT sawatara poë ti waktoe koering ngalondjong ka sobat koering, koering ngalondjong deui ka Teloekpoetjoeng.

Priboemi teu satengah hate ngakoena sobat ka koering, da boektina pangangkenna bener sarta boedi parangina bear katambah "geretjek" ngakoena ka semah. Barang keur ngeteh, tehna boeatan Tjitjoeroeg Soekaboemi, goelana goela sireum (goela Djawa dibearkeun), koeëh dadakanana sakedapana mah teu bisa norah, ngan dirasa-rasa bae sadjeroning ngadahar teh, ana rasa parantos njerep samemeh ngaliwat elak-elakan kapaksa ngabalakakeun panegoeh ka priboemi. Sihoreng koeëh dadakan teh papais sampeu alias singkong. Ah edaaas eta mah ki sobat bener ngagedekeun roepa kadaharan teh tina hasil boemi di oerang, henteu ngagedekeun boeatan toko.

Estoe sadjalan pisan djeung koering; lamoen bangsa oerang roepa djidjieunan olah-olah kadaharan noe asalna ti tanah oerang pohara moepakatna, da memang koedoe kitoe, soemawonna dina zaman meleset mah perjoga digedekeun roepa-roepa kadaharan teh hasil boemi di oerang. Sabab pikeun koering mah oepama njemah disoegoehan koe kadaharan atawa koekoeëhan beunang njieunna sorangan, sok meh beak digares tina ngingetkeun eta noe njoegoehan geus aja rasa kabangsaan, sasat ngamadjoekeun kabisa sorangan djeung ngamadjoekeun hasil boemi di oerang.

Tenteu ari nepi ka beak mah nja biasa noe njemah bae, ma'loem bisi ki sobat tea kapokeun emboeng kaandjangan deui.

Keur djongdjon koering ngeteh, koering kaget, lantaran reang sora djelema di imah djeung tiroengtjreng ngadenge sora doeit. Toeloej nanjakeun ka sobat tea, keur naraon eta djelema ngageder djeung tjroeng-tjreng kadenge sora doeit dibantingkeun?

Djawab priboemi: „Meureun keur maraen kartoe" da oerang Telbekpoetjoeng mah loba noe resep maen.

Barang koering ngadenge djawaban ki sobat kitoe, blang hate teh loeas, bet asa aja djalan baris ngadongengkeun pamanggih tina bab maen.

Sangeus dipikir sarta ki sobat tangtoe resepaunana kana dongeng koering, toeloej koering tjarita sarta dibandoengan koe eta sobat.

Tjeuk koering:

Pikeun djelema noe teu meunang dadasar kalemesan hate, boh pangadjaran ti sakola atawa dadasar agama, dina djaman Meleset kieu, gampang pisan kabawakeunana kana djalan anoe mateni sarta ngadjadikeun balai kana dirina.

Anoe matak pantes dilarang keras koe Sjara. Geuning tjeuk kolot oge Mimpipitoe oelah disorang.

Ki sobat nempas bari alangah elengeh: „Wah kawas santri bae make Mam-mam Mim-mim kitoe, naon eta teh?"

Ngandenge ki sobat toemanja, ana kitoe bener² ngabanoengana na.

Tjeuk koering: „Lain sasantrian djeung djadjawaan njeboet Mim soteh, kabeh papagon anoe dilalarang koe Sjara mimitina tina aksara M moen Arab mah aksara mim tea geuning anoe molongo malah lamoen didjieun ti toeng toeng sok diboentoetan nanaon.

Ari noe matak diseboet pipitoe kapan pitoe teh basa Djawa har tina toedjoeh. Geura rek diseboet an hidji-hidjna:

Maen, Maling, Madat, Minoem Madon, Mangani, Mapadani.

Ki sobat oenggoet bari ngahaminan sarta ngadjoeroeng noeloej keun tjarita. Eta noe toedjoeh larangan teh bener, jakin euweuh sareboekeun anoe djadi kamarasan, kabeh matak mateni kana awak bae.

Boektina euweuh noe senang atawa beunghar tina maen (ngadoe), bet euweuh noe salamet tina maling, euweuh noe sehat tina ngamadat, malah djadi sangsara hiroepna di doenja oge, banda beak, awak roeksak, koeroe aking ngadjangdjawing, iga ragas kawas gambang, bleg bae rorongkong Manoesa.

Pendekna euweuh noe sahoeloeun diantara noe 7 papagon teh.

Tah! saperti pikeun kaajaan djelema di kamandoran Teloekpoetjoeng pisan, kaitoeng di kota na pisan bet geus wani sasat ngadegkeun Club maen kartoe, babakoena nja eta tea djelema mah koemaha dadasar tadi djeung tja tjampberanana.

Koe lantaran pangpangna teu aja dadasar kana kalemesan hate, boh di imah Tionghoa atawa di imah bangsa Islam, gampang pi san katarikna koe ngajakeun per hoeboengan pamaenan anoe meh didjieun kahiroepan beurang peuting. Malah rapih pisan bedjana ngatoer Clubna teh. Iwal ti noe maen di tengah imah, di loear aja djelema noe poelang-anting, meureun diditoena mah itoeng-itoeng tjentengna baris ngadjaga pakewoeh, bisi aja Politie atawa Marsoche anoe njasab ka dinja, tangtoe gantjang mere njaho ka eta Club, soepaja djempe sarta ati-ati. Tangtoe pisan geus pasang pasini ti tadina, jen kitoe tea, kieu tea dimana aja isarat ti noe djadi tjenteng. Ah rapih atoeranana mah.

Djadi kaajaanana saperti per koempoelan rasiah. Lamoen eta Club maen teroes-meneroes, tangtoe ngadjadikeun koerang aman pikeun masing-masing roemah tanggana djeung noengtoen panjerewedan, lantaran ma'loem loba-loba djalan kateu ngeunah, boh pasea oeroesan doeit atawa naon bae. Katoeroeg-toeroeg dina rioengan Club "maen teh, lain lalaki bae, tapi tjampoer lanang sareng wadon, wong ngatoe'a sareng botjah. Djadi geus sagala diroempak, nja agama nja drigama.

Malah anoe djadi tjoeriga koe nilik kadjadian rea rombongan pamaenan, ma'loem tempat pamaenan, engke ti mana-mana tempat daratang, noe teu rek maen oge miloe djeung djago maen, tangtoe pisan manehna njaho bener kaajaanana djelema-djelema noe aja di Teloekpoetjoeng.

Oentoengna dina keur manehna boga doeit, naradjang dina beakna modal, rek ngagade teu boga barangna, rek djoedjoealan euweuh djoealeunana, toengtoengna leng katoerelengean ngomong sorangan, ana leos teh ka paran dje hajam batoer atawa njolong banda batoer. Dina kapanggihna tjilaka dirina, dina teu kapanggihna moesingkeun Politie, katoeroeg-toeroeg kadjadian gangsir waktoe malem Rebo tea atjan kapanggih mangkeloekna, lain moesingkeun ka Politie?

Koe lantaran diwangwang pidjadieunana di achir matak njoe sahkeun, moega noe wadjib di eta tempat pangpangna ka djrg Tjamat Politie anjar, moegi kersa naloengtik ka pakampoengan, soe paja kaoeninga dimana tempat tempat pamaeanan, pangadoean dj.s.t. sarta sabisa-bisa dilarang, sabab oentoeng roegina „Pengoe roe spoenja bagian".

Noe ngalantjong mindo,
Empang.

## Tjoerat-tjaret dina soerat kabar.

DANGDANGGOELA.

1. Soerat kabar tjeuk pikir noe noelis, soerat kabar djadi kadaharan, oeteuk anoe daharna teh, malah osok djadi toeloeng, lamoen lamboet eukeur moerilit, rame maen krontjongan, sora ting koeroeboek, tedaeun teu atjan asak, ma si Rendej di dapoer mani pakoepis, da poegoeh enggeus beurang.

2. Ngan hadena neng Sinanoe manis, enggeus renghap njam beurkeun ka tepas, saroepi noe mikasono, atoeh disambat dirawoe, aja ditengteng di boelak-balik, estoe dadak sakala, lamboet noe ngoeroeboek, anoe tadi korontjongan djadi leler kasongler koe anoe manis, seger sakara-kara.

3. Ma Rendej ge miloe soeka ati, da pa Rendej teu ngageuwat geuwat, djadi pada sami djongdjong, sarengse noe didapoer, daangeun mah enggeus tarapti, nji Sinar ge geus tamat, djadi malik segoet, gentos koe papatih goah, noe ngahantja gentri istri implik², da kitoe karesepna.

4. Atoeh tambih bae reugreug ati, dakaresep djeung indoeng baroedak, henteu matak djadi rewel dina waktosna ngintoen, ngabalandjaan ka noe manis, da pada sami tjinta, ka eulis di Bandoeng, dibelaan sewang-sewang, njoeroed eukeur meuli bako sareng gambir, merloekeun keur neng Sinar.

5. Da hawatos ka tatangga deui, noe sakinten teu kiat ngalanggan, nanging sakalintang pog it, neng Sinar sina moendjoeng ninangkana silatoerahmi, sina njobat djeung tatangga, soemawon djeung doeloer, pa toekeur sili eledan, toekeur matja sareng anoe pada manis. sili tjombo ka hajang.

6. Sarengsena dibeundeul noe rapih, da geuningan osok bae aja, noe kedah deui diaos, malah seueur noe njoektjroek, namboet eneng Sinar noe lami, madjar perkawis eta, geuning aja anoe, atoeh teu sesah ngoengkaban, djadi tawis kedahna dibeundeul rapih, tong dianggo boengkoesan.

7. Moeng handjakal di kampoeng mah geuning, masih bae djadi seseboetan, madjar noe sok tjoerat tjaret, noe miloe oeloebioeng, nja ngadeudeul medja redaksi, madjar toekang kagorengan, ngoesoet-ngoesoet lemboer, matak sangar ka nagara, henteu beda djeung toekang noelis anonim, haram doraka pisan.

8. Padahal mah tjeuk pikir noe noelis, ngeprak-ngeprak anoe masih sasab, sangkan teu kadalondalon, ngageuing noe ngalindoer sangken djadi nja repeh rapih, nagara djadi moelja, soewoeng noe kaasoet, malahan mah nambah-nambah, koe pang deudeul parangko henteu saeutik, koe djalan soerat kabar.

9. Kitoe deui noe djadi personil, dikantorna pada gadoeh beja, saban taoen moal towong, majab mo bisa njoempoet, nganslahna ge kalangkoeng titi, ningal tina boekoena, bajaran noe tangtoe, langkoeng apdol tinoe dagang, dikampoengan anoe henteu maer toelis, modalna djeung oentoengna.

10. Hanas anoe kasigeng ka betrik, atoeh gampil geuwat bae robah, oelah rek kadalon-dalon, kedah ngindoeng ka waktoe, ajeuna mah djaman badami, oelah antiam-antjaman, ngadjak-ngadj k taroeng, malahan langkoeng afdol mah, teu roemasa kana lampah noe teu oeni, balesan koe toelisan.

11. Moen teu ngarti kana toelas toelis, oelah isin nanja kanoe paham, saliwat ge bisa ngartos, teu koedoe djeung poepoeloer, asal enja hajangna ngarti, noelis keur soerat kabar, nadjan oerang goenoeng, bidjilan sakola desa, da koering ge estoe toelen oerang sisi, sakola keketipan.

12. Ngan koe tjengeng hajang bisa noelis, tjoerat tjaret dina soerat kabar, basana anoe kabar tos, oeloebioeng keur oemoem, tinimbang djeung noelis anonim, kadjeun diseboet sangar, haram tjeuk noe njeboet, geuning djoeragan S.W. mah, anoe ahli ngoelik Qoer'an sareng chadis, teu boeroeng s seratan.

13. Sakieu ge asa raos patri keur pangeling kanoe masih samar, kana serat kabar molog noe tatjan baoe baoe, matja sareng nja toelas-toelis, mangge geura leukeunan, manah anoe hoesoe, ngitjip ngaos serat kabar, engke oge lamoen parantos katadji, ladjeng hajang njeratna.-

Semar

Hatoer oeninga ka sadajana djoeragan² pameget sarawoeh Istri, dina sasih November 1933 ngawitan diboeka

WAROENG BATIK „DJANGKAR MERAH"
PASAR-BAROE No 5 BANDOENG
Salamina njajagikeun roepi² batik tinoe pangsaena doegi ka noe pangkasarna

Sinareng dinapangaos pangmirahna, sareng dina roepi, atanapi dina dasar ditanggel doegi ka ngaraos soegema sadajana langganan koemargi eta Djoeragan-Djoeragan langkoeng sae sindang (mampir) heula ka waroeng Djangkar Merah, saksikeun roepi Batik, Batik anoe pang mirahna sinareng pangsaena.

DOKTER
SOENARIO SARWONO.
Regentsweg 15 — Telefoon 996
—: BANDOENG :—

Sanggoep ngoebaran sagala panjakit djeung maradjian. Waktoena njarita: 7 — 9 isoek-isoek
4.30 — 6 sore.

Dinten Minggoe djeung hari besar noeroetkeun perdjangdjian. Kenging disaoer wajah koemaha bae ka boemi.

## Indonesia

### Opera „Dardanela" di Soerabaja.

Toekang dagangkartjisna kaboer.

Anjar-anjar ieu Abdoerachman toekang ngadjoealan kartjis ti opera „Dardanela" noe dina waktoe ieu aja di Soerabaja, dina hidji peuting dititah ngadjoeal kartjisna di hareupeun loket.

Sanggeusna koerang-leuwih meunang f 70, manehna geus ngiles lolos ngaleos, henteu katangen kamana leosna.

Politie ajeuna hiboet neangan.

### Dollarleening Indonesia.

Panoekeuran Obligatie.

Noeroetkeun Aneta B.T, ajeuna geus diwawarkeun pikeun noekeurkeun obligatie ti Dollar leening Indonesia kalawan djeung soerat hoetang guldenleening Indonesia, ajeuna geus ngabogaan succes gede.

### Doea kaoem pergerakan njang hareupan hakim.

Ditoedoeh ngalanggar art. 153 bis.

Kamari ieu landraad di Cheribon geus mariksa perkarana Djrg Kartamoehari, Vice voorzitter djeung Djrg. Sobari penningmeester P.N.I., lantaranana ditoedoeh ngalanggar artikel 153 bis, tina Wetboek van strafrecht, dina leden vergadering tg. 28 Maart 1933.

Perhatian ti pihak Rajat katjida loear biasana.

Poë ieu pamariksaanana diteroeskeun, Sababaraha saksi geus didenge kateranganana.

### Sanadjan lain P.B.K.I.

Hidji pagawe N.I.S. ngaran Kidjab, anoe digawena sebagi trein-poetser di Depot Locomotief Lempoejangan, enggeus meunang parentah ti pangagoengna dina kapareumnakeun boelan Maart, manehna bakal dieureunkeun tina pagaweanana patali djeung ajana overcompleet.

Tah kitoe moenggoehing nasib kaoem boeroeh, sanadjan manehna henteu djadi lid P.B.K.I. oge, tapi oepama N.I.S. rek ngajakeun overcompleet, toch teu ngingetkeun kana djasa-djasana eta si kaoem boeroeh, sabab nepi ka ajeuna Kidjab ngadjalankeun dienstna geus meunang 8 taoen.

### Indonesier moerah.

Koe N.V. Aniem ngajakeunana uitbreiding, pohara bae narik perhatianana ti pihak reserve arme.

Tjek bedja, anjar-anjar ieu di eta maatschappij ditarima hidji Indonesier anoe digawekeun sebagi boekhouder, lantaran memang eta djelema ngabogaan pangarti tjoekoep tina eta vak.

Tapi anehna teh digawena saperti daggelder bae, sarta gadjihna dina sapoë totaal-generaal ngan oekoer f 0.60.

Kapitalis memang pelit, saha anoe rek noeroetan? (O.I.).

### Katjida soesahna nagihan padjeg.

3 Loerah rek menta eureun.

Panagihan padjeg di desa-desa di djero resot Soempioeh (Banjoemas), dina waktoe-waktoe ieu katjida bae soesahna.

Patali djeung eta, bedjana baris aja 3 Loerah anoe rek eureun, lantaran ngarasa djengkel tina hal nagihan padjeg ka oerang-oerang kampoeng noe aja di eta desa.

Memang kitoe oepama ra'jat enggeus lapar.



# „Balashin Sai"

**Obat PATKWATAN Tjap Harimau (Matjan)**

Ini obat Balashin Sai (Patkwatan tjap Harimau) jang di bikin dalam kita poenja roemah-obat sendiri, soedah dipersaksiken oleh dokter-dokter (Thabib-thabib) jang pande dari segala tentang kemandjoerannja hingga tiada laen matjem obat bisa tanding kemoestadjabannja. Sedari dikeloearken ini Balashin Sai (Obat patkwatan tjap Harimau) sampe soeda banjak² menoeloeng orang-orang jang dapat roepa-roepa penjakit.

Ini obat Balashin Sai (Patkwatan tjap Harimau) ada mandjoer sekali boeat:

Menerbitken napsoe maken dan mentjernaken (menghantjoerkan) makanan; berentiken batoek dan ilangken dahak; hilangken baoe boesoek dari moeloet; membantoe orang poenja kesenangan; menambahken dara dan kekoeatan badan; hilangken ketagihan alcohol dan mengisap, berentiken moenta-moenta dan berloeda banjak; semboehken sakit lida petjah-petjah dan goesi bengkak; hilangken haoes dan penat (tjapeh); hilangken poesing kepala dan mabok laoet; semboehken sakit peroet berentiken boewang-boewang aer; mendjaga kalenger jang mendadak, diatas kapal-kapal dan keneta api. Bila bernjanji dan berpidato, mamah sedikit ini obat Balashin Sai (Patkwatan tjap Harimau) soepaja krongkong tida dengarken soeara kasar dan paroe.



Kapan menonton wajang dan keramean baeklah mamah ini obat soepaja bisa tjegah hawa kotor jang djahat jang bisa masoek di idoeng dan di moeloet. Dan kapan berhadlir dalam perhimpoenan orang baek pake ini obat boeat tolak hawa boesoek dan tjega penjakit menoelar.

Kaloe orang makan siri dengan tjampoer sedikit ini obat bisa bikin koeat gigi dan moeloet berbaoe wangi.

Maka segala orang haroes sedia simpen ini obat Balashin Sai (Patkwatan tjap harimau) dalam roemah soepaja bisa dipake pada segala waktoe. Dan pembeli haroes ati-ati dan djangan sampe dapat beli obat tiroean jang tida mandjoer. Kita poenja bikinan Balashin Sai (Patkwatan tjap harimau) jang toelen obatnja ada diboengkoes dengan kertas tima poeti dan pake tjap Harimau.

## „ENG AUN TONG"

**Molenvliet West 174 Telefoon Batavia 1090.**

*Bisa didapat pada semoea Apotheek-apotheek — dan Drogisterij-drogisterij. —*

# M. Sadjoem

TRANSPORT-ONDERNEMING VERHUISBOEDEL
Regenstweg No. 46 - Bandoeng

Patoekangan ngoeroes barang-barang pindahan roemah tangga, kangge kintoenan kamana-mana tempat, kalajan doegi ka leresna. Sinareng tiasa oge ngoeroeskeun kintoenanbarang-barang kaloear. Regentschappen Bandoeng nganggo perdjalanan roepi-roepi Kalajan di djagi barang koe padamelan Verpakt. Oge tiasa ngintoen barang-barang nganggo perdjalanan kapal (K. P. M.) kangge ka mana-mana tempat

Sinareng ngoeningakeun ka para Djoeragan-djoeragan wireh ajeuna parantos middamel filiaal Transport di Legok-Ontjomweg No 1489 Tasikmalaja

Perkawis atoeran ongkos-ongkos mah noemoetkeun atoeran di Bandoeng.

Hoermatna
noe ngadjeng-ngadjeng soempingna para djrg.²
M. SADJOEM

# DJAMOE-DJAWA

Kaloearan: Mevr. DJASIMAH
Tjap

Djamoe koe... TJAMPOER SARI, satoe-satoenja model djamoe jang soedah tersohor dan terpake di seloeroeh Indonesia, baik oentoek njonja maoepoen toean, baik boeat kekoeatan badan dan paras. Bisa beli di antero tempat. Depot di Bandoeng adres: **Ketoeoedengmak. E. H. Moechtar** Noord Pasarstraat 11, Bandoeng. Katerangan dan prijslijst bisa dikirim gratis.

Memoedjikan dengan hormat
R. H. DOERRIE
Hoofd Agent Djokja.

# Anggoer Mak Tjin Tjap S. S. S.

**Terbikin oleh Bulgaria Company New York**

**(Penoeloeng boeat orang lelaki dan prampoean)**

ANGGOER TJAP S.S.S. ada seroepa minoeman jang baek dan soeda terpoedji. Terbikin dari sari boea tertjampoer dengan roepa-roepa² obat jang moestadjab, rasahnja enak dan manis, sedikit poen tida ada tjampoer arak. Orang lelaki dan prampoean, toea dan moeda boleh minoem, bergoena sekali boeat penjakit Pehong, Piansoei, Biri-biri atawa anggota badan pada lemes.



**Ditanggoeng baek, djika tida baek oewangnja pembeli dibajar kombali.**

Selaennja bisa toeloeng penjakit terseboet, poen bergoena sekali boeat orang prampoean jang baroe abis bersalin atawa jang dapat kaloeron, goena tjoetji dara kotor dan toelak angin dj hat, membikin tambah koeat, segar dan sehat, badan djadi gemoek dan tamba napsoe makan Kaloe toelang merasa sakit, moeka poetjet dan orang jang koerang tidoer, atawa orang jang soeka banjak plesir dengan prampoean, baek minoem ini ANGGOER, tentoe tida bisa dapet bahaja. Orang jang abis „bekerdja" malem perloe minoem 1 gelas ketjil, ditanggoeng tida bisa kena penjakit dan badan tida bisa masoek angin, djadi segar dan moeka tamba bertjahaja.

Teroetama boewat penjakit lemah dan koerang dara, ANGGOER ini ada dipoedjiken betoel. Boeat roepa-roepa penjakit Bengkak, Pegal dan Meloeang, dalam sedikit waktoe sadja orang jang minoem ini Anggoer NANTI DAPATKEN BOEKTINJA.

Atoeran minoemnja ada terseboet di Etiket botol.

Orang boenting boleh minoem.

Dimana-mana Roemah Obat bisa dapet beli.

GOENA BOEAT ORANG PRAMPOEAN

Menjotjoken dateng boelan, tanem bibit pranakan, Dateng boelan tida tjotjok. Masoek angin waktoe bersalin Kepoetian dan kloear dari mera boetek. Dara bergoempel. Dara kloearnja memboros banjak. Pranakan dingin dan kosong. Soeda lama tida berhamil. Dateng boelan peroet sakit. Kaki tangan sakit dan pegel. Boekoe Toelang sakit, Hongsip. Moeka poetjet berwarna idjo. Koelit moeka pias koening kering. Koeping berboenji ramboet rontok.

GOENA BOEAT ORANG LELAKI.

Pinggang sakit, pinggang linoe. Napas dan dara koerang koeat. Kesehatan soemanget tida tjoekoep. Banjak goenaken pikiran dan tenega. Tangan kaki tida ada kekoeatan. Manik kering dan koerang. Moeka poetjet badan koeroes. Kekoeatan ati dan dara koerang. Kepala poesing, mata gelap. Malem banjak kloear keringet dingin. Mengloearken manik waktoe mengimpi. Kelakian tida koeat. Tida napsoe makan of minoem. Kaki tangan merasa lemes dan pegel.

Harga 1 Flesch besar f 2.25 — Flesch ketjil f 1.25
„ 1 dcz. Flesch besar f 22.— — Flesch ketjil f 12.—

Hoofdagent boeat Ned. O. I.

ROEMAH OBAT **BAN KA TJOEN**
TJIKAKAK No. 21A — BANDOENG

**Ban Sioe Tjoen**
Pasarstraat No. 8
BANDOENG

**Tay Seng Tong**
Astana-anjar No. 6
BANDOENG

SOKONGEUN SARAREA!!!
# TOKO SADJOESI
Djambatan-Mereh (Tjikeumeuhweg 17)
—o— BOGOR —o—

Njieun sareng ngitjal sapatoe

## De Echte

kalawan harga malaise

ngarangkep djeung tempat njoekoer (Coiffeur)

Djoeragan-djoeragan² istri pameget!

Ngawitan dinten ieu harga sagala barang di ieu Toko ditoeroenkeun 10 pCt., njaeta geusan njenangkeun ka soegri langganan. Koemargi eta samemeh angkat ka sedjen toko, sae soemping heula ka ieu² toko, soepados kagoengan kajakinan jen saneskanten didieu mah moerah hargana.

## Awas!

soegri noe balandja contant baris nampi 1 bon. Eta bon teh kedah disimpen, oepami parantos djedjeg f 10.— engke baris nampi persenan barang anoe sae.

# SALAMINA SAJAGI

Kanggo kaperloean djoeragan-djoeragan istri pameget disajagikeun roepi-roepi KETOE OEDENG sareng SELOP BOELOEDROE Model 1933.



Soegri para djoeragan noe arangkat ningali Pasar-Gambir oelah lali sindang heula ka stand di loehoer, merk

**E. M. MOECHTAR**
**Bandoeng.**

# Bedak - Kraton

KRATON: Ditanggel moal matak resak, awon sareng ngadongkapkeun bahaja kana kawarasan koelit raraj.

Samalah

KRATON: Maparin kapoeasan ka soegrining noe ngaranggo, margi, koe nganggona ieu „Bedak - Kraton" koelit raraj, bakal nambihan: sae, beresih, lemes sareng tjahajaan.

Kalihna ti eta

KRATON: Tiasa njoegemakeun ka soegrining noe ngaranggo, margi noe ngaranggo bakal awet anom, djanten anom salalamina.

Sinareng

KRATON: Tiasa ngitjalkeun: koekoel, ewateun, baroedoes, kokoloteun sareng tanda-tanda noe aja dina koelit raraj, oge tiasa dianggo ngalandongan panjakit ateul.

KRATON: Dianggona tiasa toehoer-toehoer atanapi ditinjoeh koe tjai (langkoeng oetami ditinjoehna nganggo aer mawar).

Hoofd - Depot
PATENT MEDICIJNEN HANDEL
„Hippocrates 1001"
Groote Postweg (Kanoman) 15
—. BANDOENG (JAVA) .—

# DJAWA HOTEL

**Baliwerti straat 19 — Soerabaja.**

**Pernahna di Soerabaja:**

Sakilometer ti Station Soerabaja Goebeng
„ „ „ „ Kotta

Satengah kilometer ti Soerabaja Pasartoeri. Kajaan Hotel nganggo loteng, kamarna laloeasa, panerangan lampoe listriek, tjai waterleiding, pakakas sadaja enggal, disajagikeun boeat pelesir sapertos Demo, Atax, Masco sareng Amko, sareng disajagikeun Restaurant pasakan Mekkah sareng Soerabaja, sareng sajagi toekang potong ramboet ijeu Hotel henteu nganggo mapag ka Station.

Hoermatna, Eigenaar
**HASSAN ALWAN.**

# MONSTER GRATIS

**Pesenan f 25.— ongkos vrij**

Para Djoeragan Istri sareng Pameget, oepami baranggaleuh anggoan anoe model anjar sareng pangaosna mirah, oelah lepat ka adres noe kasebat dihandap ieu:

## TOKO „JAVA"

**Pasar Baroe 76 — Bandoeng.**

Salamina nampi barang-barang noe anjar, sapertos;
Gabardine Wool 100 pCt.
Koelit Kajoe Linnen,
Linnen Drill bodas,
Lawon Pijama,
Crepe de Chine kembang,
Crepe Georgette kembang,
Caroline kembang,
Poplien polos lemes

s.s.t. Koffer beusi, wadja, Koffer fibrè, tempat lemareun.

— Hoermatna —
TOKO „JAVA"
Pasar Baroe 76 — Bd.


**Ngalanggan soerat kabar bangsa oerang, hartina: negoehkeun paoesahaan bangsa oerang sorangan anoe engkena bisa djadi hidji lawang piken mere pagawean ka bagnsa oerang anoe ngalanggoer**

Goenting ieu koepon sareng oepami parantos dieusian saperloena, ladjeng kintoenkeun per drukwerk nganggo franco noe 2 sen ka: Administratie „SINAR PASOENDAN" di Oude Kerkhofweg 16 Bandoeng.

Administratie „SINAR PASOENDAN"
Bandoeng.

Djoeragan ..............................
Adres ..............................
Moendoet proefnummer ..............................
..............................
Ngawitan ngalanggan ti ..............................
Majar disasih ..............................

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA